ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№70 (23.478) ● 2017 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 19, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Хьэсанэ И. М. теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкІэ и министр къулыкъур Хьэсанэ Ислъам Марат и къуэм щхьэщыхьи, нэгъэщІ лэжьапІэ зэрыкІуэм къыхэкІыу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкІэ и министрым и къалэнхэр ПІалъэкІэ игъэзэщІэну и пщэ илъхьан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкІэ и министрым и къуэдзэ АфІэунэ Владимир Юрий и къуэм.

3. Мы Указым къару егуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м
№57-УГ

Унагъуэмрэ сабийхэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етынымкІэ программэр гъэзэщІа хъун папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуани 170-м нэблагъэ щыхухах

Урысей Федерацэм «ЦІыхухэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етын» и къэрал программэм «Унагъуэмрэ сабийхэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етынир егъэфІэкІуэн» и программэ гуэдзэм ипкъ иткІэ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу субсидиеу сом мелуан 48,6-рэ Къэбэрдей-Балъкъэрым 2017 гъэм къыхуатІыпщащ.

ЩЫпІэ бюджетым къищынэмыщІауэ къыхэкІынущ сом мини 119596,7-рэ, сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я жьауэм щІэмыту къэна сабийхэм, сабий зеиншэу, адэ-анэншэу къэна цІыхухэм яущыщхэм псэупІэ унэхэр щратын хуэдэу псэупІэ хэхаэр зэгурыІуэныгъэкІэ пщІэ щІату къащтэн папщІэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Ди къуэш республикэхэм

Жыгей плъыжьхэр хасащ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *«Сохраним наш дом - планету!» экологие Іуэхум хиубыдэу, республикэм и щыхьэр Черкесск жыгей плъыжь 25-рэ щыхасащ. Къэрэшей-Шэрджэсыр къыдэрагъэпэщрэ иІэс 25-рэ зэрырикъум и щыхькІэ яубыхуа аллеем ялэ жыгыр щигъэтІысащ КъШР-м и Іэтащхьэ Темрезов Рашид.*

- УРЫСЕЙМ и Президент Путин Владимир мы гъэ ЩІыуэпсым и илъэсу зэриІэувам щыІэ щІыпІэхэм адэ-анэхэм я щыгъуэм, щІэпхъаджагъэ зыдыкъыхуреджэ абы гудзакъэ худи1эным. Ди республикэр Урысей Федерацэм экологие и лъэныкъуэкІэ щІыуэпсыр щынэхъ къабзэ щыналъэ 20-м хеубыдэ, Кавказ Ищхъэрэм абыкІэ ягъэ увыпІэр щытІыгъащ, дяпэкІи а жуаплыныгъэр зыхэдгъэльэн хуейщ, - жиІащ Темрезов Рашид.

Республикэм и Іэтащхьэр я пашэу къызэхуэсахэм жыг щыхасащ Текіуныгъэм и паркми.

Уэм зыщахъумэ

АДЫГЕЙ. *Республикэм и щІыпІэхэм щагъэуващ уэм зэрызыщахъумэ Іэмэпсымэхэр.*

ПСОРИ зэхэту Адыгеймрэ Краснодар краймрэ уэм щахъумэ гектар мин 830-м щІигъу. Къагъэсэбэп Іэмалхэм я фІыгъэкІэ уэм кърикІуэ хэщІыныгъэр хуэди 5-кІэ нэхъ мащІэ мэхъу. Уэм зыщыхъумэныкъэ лэжьыгъэхэр мэлыжьыхьым и 25-м зэтраублэнущ, щиухынур жэпуэгъуэм и 1-рщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Хабзэм хуаущий

Урысей МВД-м и управленэу Налшык къалэм щыІэм балигъ мыхъуахэм я Іуэхухэмкіэ и инспекторхэр «Кавказ» санаторэм зыщыгъэгъэпсэху ныбжьыщІэхэм яІущІащ.

Полицэм и майор **Жилкибаевэ Заремэрэ** полицэм и лейтенант нэхъыжь **Урыс Нинэрэ** епсэлъащ Ростов областым щыщу «Кавказ» санаторэм зыщыгъэгъэпсэху сабийхэм. ШколакІуэхэр щагъэгъуэзащ хабзэм ебэкъуар, щІэпхъаджагъэ зыдэлажьар административнэ, уголовнэ жэуапхэм зэрырашалІэм. Яхутепсэлъыхьащ щІэпхъаджагъэм пэІущІэ зэрызащІынум, фадэм, тутыным, наркотикхэм я зэранигъэм. НыбжьыщІэхэм ягу къагъэкІыжащ гъуэгу зэпрыкІыпІэхэм епха хабзэхэр.

ЦІыкІуэр жьыдэру хэтащ мы зэІущІэм, абыхэм я упщІэхэми полицейхэм жэуап ираташ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

♦Ажэгъуэмэм и махуэр щагъэлъапІэ дунейм и къэрал куэдым

♦Урысей полиграфием и махуэщ

♦Венесуэлэм и щхьэхуитныгъэм и махуэр егъэлъапІэ

♦1563 гъэм Урысейм щыяпэу Фёдоров Иванрэ Мстиславец Пётррэ я типографием Москва лэжьэн щыщІидзащ.

♦1783 гъэм Крымымрэ Кубань областымрэ Урысейм къыгъагъэмащ. Потёмкин Григорий и чэнджэщкІэ апхуэдэ унафэ къищтауэ щытащ урысей пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтІуанэм.

♦1935 гъэм СССР-м и ЦІыхубэ комиссархэм я советым и унафэкІэ къыщыгъэпэщащ «Спартак» спорт зэгурыІуэныгъэр.

♦1943 гъэм Совет Союзым «Смерш» тІасхъэщІэх Іэхъуэщ Іапі э щэхурылажьэм и управленэ нэхъыщхьэр къыщызэрагъэпэщащ.

♦1970 гъэм Волжскэ автозаводым къыщыщІагъэкІащ «ВАЗ-2101» автомобиль лІэужьыгъуэщІэр. ИужькІэ абы цІыхухэр «кІэпІейкІэкІэ» еджэу щІадзащ.

♦Совет тхакІуэ, сценарий куэд зи къалэмыпэм къыщІэкІа, Сталиным и саугъэтыр зыхуагъэфэща **Каверин Вениамин** (и унэцІэ дыдэр Зильберщ) къызэралъхуа илъэсу 115-рэ ирокъу.

♦Литературэдж, филологие щІэныгъэхэм я доктор, АКЪУ-м и профессор, УФ-ми АР-ми щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик, ДАХ-м и тхьэмадзу щыта **Щхьэлахъуэ Іэбубэчыр** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, драматург, КЪБР-м гъэзаджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Журт Биберд** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦Урысей журналист цІэрыІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хэта, ИТАР-ТАСС-м и унафэщІу илъэс куэдкІэ лэжьа **Игнатенкэ Виталий** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Беслъэней Эдуард** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

♦Урысей теннисистхэ, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, 2012 гъэ Лондон щекІуэкІа Олимп джэгухэм дыжьын медаль къыщызыхьа **Шараповэ Марие** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

ЩІалэгъуалэ псапащІэхэр

**КЪБР-м и Парламентым ЩІэнхабзэмкІэ, жылагъуэ Іуэхущ Іапі э хэм зегъэужьынымрэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ. Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, щІалэгъуалэ Іуэхущхэмкіэ и комитетхэм. КЪБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапі э хэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщІ Кіурашын Анзор, ЩІалэгъуалэ политикэмкІэ, спортымрэ щІэблэм хэкупсэу гъэсэныгъэкІэ КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщІым и къуэдзэ Федченко Людмилэ, абы и комиссэм и Іэтащхьэ Гуппоев Тимур, КЪБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІ Водопьянов Александр, «Волонтёр Іуэхущ Іапі э» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Гериев Расул, нэгъэущІэкъэр. ЗэІущІэр къыщІэуихащ икІи иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и Парламентым ЩІэнхабзэмкІэ, жылагъуэ Іуэхущ Іапі э хэм зегъэужьынымрэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и унафэщІ Пащты Борис.

Гуппоевыр тепсэлъыхьащ волонтёрствэм и мыхьэнэм, ар къызэрежьам, ди республикэм нобэ псапэ зыпылъ лэжьыгъэу щрагъэкІуэкІым:

- Волонтёрым и къалэн нэхъыщхьэу къыпльытэр - езым и фІэфІынагъэкІэ, и хьэлэлагъкІэ цІыхухэм защІигъэкъуэнырц, ядэІэпыкъунырц, хуэмыщІауэ псэухэм, благъэ-Іыхьлы зимыІэхэм, зи ныбжь хэкІуэтахэм, абы къищынэмыщІауэ, псэущхьэхэм сэбэп яхуэхъунырц. «Волонтёр» псалъэр 1980 гъэхэращ урысыбззым къыщыхьыхьар, 2000 гъэм щыщІэдзауэ Урысейм щагъэлъапІэ «ФІы щІэным и тхьэмахуэр». Къыхэзгъэщыну сыхуейт КЪБР-м волонтёрствэр иджыри лъэ быдэкІэ зэрыщымыуар: абы къыхэщІиубыдэ къалэнхэмрэ псапащІэхэм я лэжьэкІэмрэ захъуэжьырей, - жиІащ абы.

Адэкіэ псалъэ ираташ **Кіурашын Анзор**. Ар тепсэлъыхьащ КЪБР-м псапэ лэжьыгъэу щекІуэкІым, къыхах мылъкумрэ зытрагъэкІуадзэмрэ. Кіурашыным къыхигъэщащ ди республикэм псапащІэ зэгухьэныгъэу 33-рэ зэрыщыІэр, абыхэм ящыщу 8-р нэхъ жыджэру зэрылажьэр. Апхуэдэщ «Волонтёр Іуэхущ Іапі э», «ЩІэгъэкъуэн», «Волонтёр-дохутырхэр», «Гу къабзэкъэр», «Текіуэныгъэм и волонтёрхэр», «Лэгъупыкъым нэхъ рэ нэхъ лъагэу», «Зыужьыныгъэ», «Ди Рамизэ» зэщхьэеныгъэхэр. Кіурашыным къыхигъэщащ псапэ зыпылъ Іуэхум щІалэгъуалэр къешэлІэным теухуауэ лэжьыгъэшхэр зэрырагъэкІуэкІыр. Абы жиІащ волонтёр ныбжьыщІэхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм теухуауэ балл бжыгъэ щыхуІагъу хэгъуэгуэр Урысейм зэрыщыІэр. ЕГЭ-мкІэ къаха баллхэр еджапІэ нэхъыщхьэ ирищІэтІысхьэну яхуримыкъуэ, псапэ зэращІам къыпэкІуэу балли 10 зэрыхущІагъэраш зи гугъу ищІар, икІи абы къелъытэ ди дежи а хабзэр къыщыщтэн хуейуэ.

ЗэІущІэм щыжаІа псори къызэщІакъуэжу, унафэ ящІащ волонтёрствэм теухуауэ КЪБР-м щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэм пащэну, ар ирагъэфІэкІуэну.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Гу зытІытапхъэ

Журналистхэм я зэпеуэ

Гугуэхьым пэщІэхуа сабийхэм ядэІэпыкъу фондым къызэрегъэпэщ журналистхэм я VIII урысейпсо зэпеуэ. Ар Іыхьитіу екІуэкІынущ: щыналъэрэ (мунищипальнэ, щІыпІэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лэжьыгъэхэр) федеральнэрэ (федеральнэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм щагъэхьэзырахэмрэ щІыналъэхэм щытекІуа лэжьыгъэхэмрэ).

ЗэПЕУЭМ щыхэпльэнущ 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м щыщІэдзауэ 2017 гъэм жэпуэгъуэм и 1 пщІондэ интернетым къралъхьа, газетхэм, журналхэм кьытехуа тхыгъэхэм, телевиденэ нэтынхэм. Абы хэтыну хуитщ илъэс 13 - 17-м и журналист ныбжьыщІэхэри. Лэжьыгъэхэр мы къыкІэпльыкІуэнухэм теухуауэ щытыпхъэщ:

- «Помочь ребёнку - помочь семье»;
- «Особенное детство: быть рядом»;
- «Работа над ошибками».

КъищынэмыщІауэ, зэпеуэр къызэзыгъэпэщащэм номинацэ щхьэхуэу 4 къыхалъхьащ, жэуаплныгъэ зыхэлъ адэ-анэхэм, сабийхэм я дзыхь зрагъэз 8-800-2000-122 урысейпсо телефоным и лэжьакІэм, «Илъэсым и унагъуэ нэхъыфІ» урысейпсо зэпеуэм, «К движению без ограничений» Іуэхум теухуауэ.

Зэпеуэм хэтыну хуейхэм я лэжьыгъэхэр otdelsmi.smi@bkr.ru ебгъэхь хъунущ 2017 гъэм жэпуэгъуэм и 2 пщІондэ. Тхыгъэр зэрытхын хуей мардэм щыгъуазэ зыщыфщІыфынущ http://fond-detyam.ru сайтым. УпщІэ фиІэмэ, 8(8662) 40-82-89, 42-70-31 номерхэмкІэ фыпсалъэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Гуащэмахуэ.

● Губгъуэ лэжьыгъэхэр

Ерыскъыкіэ къызэрагъэпэщ

ЦІыхубэр ерыскъы къабзэкІэ къызэгъэпэщыным я зэфІэкІ псори ирахьэлІэ «Прохладное», «Агро-Инвест», «Овощи Юга» Іуэхущ Іапі э хэм.

ИДЖЫБЛАГЪЭ Урысей телевиденэм и нэтынхэм ящыщ зым къыщыхагъэщащ тыкуэнхэм щащэ ерыскъыкъэхІэр нэхъ мащІэ зэрыхъуар. Абы пэж гуэри хэлъу къыщІэкІынущ: фІагъ лъэпкъ ябгъэдэмыльу дэнэкІи гъунэжу къыщІалъхьэу щыта хадзэкІэхэмрэ пхъащхьэмыщхьэмрэ ирагъэкІуэтэкІ ерыскъы къабзэ зыгъэхьэзыр ди Іуэхущ Іапі э хэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым хадзэкІхэмкІэ езым зыкъызэрегъэпэщыж. Къапщтэмэ, нэгъабэ ди мэкъумэш Іэнатіэхэм кърахьэлІащ хадзэкІ зэмылІэужьыгъуэу тонн мин 433-м нэблагъэ. АПК-м и Іуэхущ Іапі э хэм УФ-м и адрей щІынальэхэм хадзэкІ къабззу тонн мини 170-рэ ирагъэщащ. Иджыри я Іуэхур нэхъ Іей мыхъуну щогугъ икІи абы щхьэкІэ зыхуеину псори ящІэ.

Мы зэманым ирихьэлІэу хозяйствэхэм щы гектар мин 37-м гъатхэ вэнсэныр щызэфІахащ. Ар хасэн хуейуэ къапэщылъым и процент 15 мэхъу. ЦІыр ягъэщабэри, кІэртІофыр, сэхураныр, зэнтхъыр, джэш щхъуантІэр хасащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ФІы щІэн, псым хэдзэ.

● ЗэІущІэхэр

ЩІэблэм я къэкІуэнум толажьэ

КЪБКЪУ-м Щэнхабзэмкіэ и центрым, Темыркъан Хьэту и цІэр зезыхьэм, иджыблагъэ щекІуэкІащ зэІущІэ щхьэпэ.



Насып Артур

АБЫ щызэхуашэсат университетым къепхауэ лажьэ Школ академие цІыкІум щеджэхэм я адэ-анэхэр. КЪБКЪУ-м и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ Дон Иннэ хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, зэІущІэм и лэжьыгъэм хэтащ а академием и унафэщІ Насып Артур, КЪБКЪУ-м и къудамэхэм я пашэхэр, университетым абитуриентхэр щІэтІысхьэныр къызэгъэпэщыныжьмкІэ и Іэнатіэм и унафэщІ Гъэгъуэкъуэ Тимур, еджапІэ нэхъыщхьэм хьихьэ институтхэм, факультетхэм я кафедрэхэм я унафэщІхэр, егъэджакІуэхэр.

Школ академие цІыкІум щеджэхэм я Іуэху зыІутым, яІэ екъулІэныгъэхэм щытепсэлъыхьащ зэхуэсым. Ар къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ Насып Артур.

- Ди академием мы зэманым щоджэ ныбжьыщІэ 225-рэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми Іэмальфі иІэщ еджапІэ нэхъыщхьэм лъэпощхьэпоунэщу щІэтІысхьэну, - жиІащ Насыпым. - Зэхуэсым цІыху куэд къызэрырихьэлІам къегъэлъагъуэ адэ-анэхэми, егъэджакІуэхэми, университетым и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я унафэщІхэми - псоми щІэблэм я къэкІуэнум гулъытэ зэрыхуэтщІыр, абы дыззрыхуэлажьэр. Си гуапэщ фи бынхэм я мурадхэр, хьуэпсапІэхэр кьайхъуІэну.

Я бынхэм я Іуэху зыІутым щыгъуаз хуащІу, адэ-анэхэм епсэлъащ абыхэм я егъэджакІуэхэр. КъБКъУ-м Архитектурэмкіэ, ухуэныгъэмрэ дизайнымкіэ и институтым и кафедрэм и егъэджакІуэ нэхъыжь Бэрэгъун Люся зэрыжиІамкІэ, академием етІанэгъэ къыщызэІухынущ «Архитектура» унэтІыныгъэщІэр. Абы щІэтІысхьэну гукъыдэж зыщІхэм черчениемкІэ творческэ экзамен ятын хуейщ. Школ академие цІыкІум щеджэхэм илъэпсту ябгъэдэлъ щІэныгъэр къэплъытэмэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэми Іэмалыфі иІэщ а къэпщытэныгъэм ехъулІэныгъэкІэ пхыкІыну.

Университетым зэрыщІэтІысхьэ хабзэхэм ятеухуауэ адэ-анэхэм яІэ упщІэхэм жэуап зэпкърыха ираташ Гъэгъуэкъуэ Тимур.

Академием и унафэщІхэм, егъэджакІуэхэм фІыщІэ хуащІу зэхуэсым къыщыпсэльащ адэ-анэ зыбжанэ. Абыхэм жаІащ республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэм и гупэр школым зэрыкуэгъаза хуабжьу я гуапэ зэрыхъуар, ар къэзыух я сабийхэм я щІэныгъэм щыхагъэхъуэну я мурадыр КъБКъУ-р арауэ зэрыщытри къыхагъащащ. Псом хуэмыдэу адэ-анэхэм фІыщІэшхуэ хуащІырт еджакІуэ гупхэм я кураторхэм.

Адэ-анэхэмрэ университетым и лэжьакІуэхэмрэ я зэхуэсыр купщІафІэу екІуэкІащ. Апхуэдэ зэІущІэхэр дяпэкІи къызэгъэпщын зэрыхуейри щыжаІащ зэІущІэм.

ТАМБИЙ Линэ.

Урысейпсо Іуэхум пащэ

● ЕГЭ-2017

«ТекІуэныгъэм ухуэзышэ балли 100» къэралпсо акцэр диу республикэм щокІуэкІ мэлыжьыхьым и 14 лъандэрэ. Абы и пэщІэдзэ зэхьэхьэр щекІуэкІащ Налшык дэт «ДыгъафІэ къалэм». Іуэхум гъуэгу иратауэ щытащ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ я Іэнатіэхэм кІэлъыплъыныжьмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІ Кравцов Сергейрэ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ. А акцэм дыгъуасэ хьихьащ Лэскэн щІыналъэри.

ЗЫУЭ щыт къэрал экзаменхэм ныбжьыщІэхэр нэхъри тегъэгъуэхуэным хуэгъэпса зэхуэсхэм зэхьэмэтым хэтащ КъБР-м щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министрым и къуэдзэ Табыхъу Аслъэнджэрий, Лэскэн щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Инжьджокъуэ Сэфарбий, абы социальнэ Іуэхухэмкіэ и къуэдзэ АфІэунэ Мухьэдин, районым егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэм и унафэщІым и къалэнхэр зытІущІу, адэ-анэхэм епсэлъащ абыхэм я егъэджакІуэхэр. КъБКъУ-м Архитектурэмкіэ, ухуэныгъэмрэ дизайнымкіэ и институтым и кафедрэм и егъэджакІуэ нэхъыжь Бэрэгъун Люся зэрыжиІамкІэ, академием етІанэгъэ къыщызэІухынущ «Архитектура» унэтІыныгъэщІэр. Абы щІэтІысхьэну гукъыдэж зыщІхэм черчениемкІэ творческэ экзамен ятын хуейщ. Школ академие цІыкІум щеджэхэм илъэпсту ябгъэдэлъ щІэныгъэр къэплъытэмэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэми Іэмалыфі иІэщ а къэпщытэныгъэм ехъулІэныгъэкІэ пхыкІыну.

Университетым зэрыщІэтІысхьэ хабзэхэм ятеухуауэ адэ-анэхэм яІэ упщІэхэм жэуап зэпкърыха ираташ Гъэгъуэкъуэ Тимур.

Академием и унафэщІхэм, егъэджакІуэхэм фІыщІэ хуащІу зэхуэсым къыщыпсэльащ адэ-анэ зыбжанэ. Абыхэм жаІащ республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэм и гупэр школым зэрыкуэгъаза хуабжьу я гуапэ зэрыхъуар, ар къэзыух я сабийхэм я щІэныгъэм щыхагъэхъуэну я мурадыр КъБКъУ-р арауэ зэрыщытри къыхагъащащ. Псом хуэмыдэу адэ-анэхэм фІыщІэшхуэ хуащІырт еджакІуэ гупхэм я кураторхэм.

Адэ-анэхэмрэ университетым и лэжьакІуэхэмрэ я зэхуэсыр купщІафІэу екІуэкІащ. Апхуэдэ зэІущІэхэр дяпэкІи къызэгъэпщын зэрыхуейри щыжаІащ зэІущІэм.

ТАМБИЙ Линэ.

Зэхуэсым къарагъэблэгъат районым щыщ ныбжьыщІэхэу зыІуэ щыт къэрал экзаменхэр балли 100-кІэ ильэс блэкІахэм зытауэ щытахэр. Абыхэм жэуап ираташ 11-нэ классыр къэзыуухэм я упщІэ зэмылІэужьыгъуэхэм, апхуэдэуи чэнджэщ щхьэпэхэр ираташ. КъинэмыщІауэ, акцэм къырихьэлІахэр епльащ щІыналъэм и егъэджакІуэ нэхъыфІхэм ята дерс зэІуихэхэм. 2017 гъэр ЩІыуэпсым и илъэсу зэрыщытыр къальытэу, хьэщІэхэри я гъусэу ныбжьыщІэхэм жыгыщІэ цІыкІуэр ягъэтІысащ.

«ТекІуэныгъэм ухуэзышэ балли 100» урысейпсо акцэм и кІэухым ныбжьыщІэхэр яхуэзащ Хьэщ1элІ Жаннэ, щІыналъэм хиубыдэ школхэм я унафэщІхэр, егъэджакІуэхэр, еджакІуэхэр.

Зэхуэсым къарагъэблэгъат районым щыщ ныбжьыщІэхэу зыІуэ щыт къэрал экзаменхэр балли 100-кІэ ильэс блэкІахэм зытауэ щытахэр. Абыхэм жэуап ираташ 11-нэ классыр къэзыуухэм я упщІэ зэмылІэужьыгъуэхэм, апхуэдэуи чэнджэщ щхьэпэхэр ираташ. КъинэмыщІауэ, акцэм къырихьэлІахэр епльащ щІыналъэм и егъэджакІуэ нэхъыфІхэм ята дерс зэІуихэхэм. 2017 гъэр ЩІыуэпсым и илъэсу зэрыщытыр къальытэу, хьэщІэхэри я гъусэу ныбжьыщІэхэм жыгыщІэ цІыкІуэр ягъэтІысащ.

«ТекІуэныгъэм ухуэзышэ балли 100» урысейпсо акцэм и кІэухым ныбжьыщІэхэр яхуэзащ Хьэщ1элІ Жаннэ сымэ.

Къэралпсо Іуэхум теухуа зэІущІэхэр щекІуэкІынущ республикэм и нэгъуэщІ районхэми.

КЪАРДЭН Маритэ.

Зи ныбжь хэкIуэтахэм къащхьэщож

«Урысей зэкъуэт» партым и телъхьэхэм я клубым» къыхилъхьащ зи ныбжь хэкIуэтахэм лей къытезыгъэхьэхэм тезыр тралъхьэр нэхъ ткIий ящIыну», - жиIащ абы и лэжьыгъэр зэзыгъэуIу советым и унафэщI, Къэрал Думэм и депутат Боярский Сергей.

● Политикэ партхэм

- ЩIэпхъаджащIэхэм дапэщIэтын, ди нэхъыжьхэм дакъыщхъэщыжын мурадкIэ «Урысей зэкъуэт» партым и телъхьэхэм УФ-м и щIыналъэ 69-м зэIуцIэ щедгъэкIуэкIащ. Абыхэм дыщыхэпльащ жьы хъуахэр къэзыгъапцIэхэр, я мылъкур яфIэзышхэр жэуапым ешэлIа зэрыхуэнум. Къыхилъхьэм дыщыгъэжри, Iуэхугъуящ кIыхэдгъэбелджылкIащ. Ятпраузэ, апхуэдэ щIэпхъаджащIэхэм теухуауэ УФ-м и Уголовнэ кодексым зэхъуэкIынигъэхэр хедгъэлъхьэнущ. ЕтIуанэрауэ, дызытепсэлыхьх Iуэхум и зэхуэдитIыр къыщыхъур тутнакъэщхэращи, хабзэхъумэ Iуэхущ Iапх эм абы гу лъедгъэтынущ. Ещанэрауэ, Хьуманлэ банкымрэ Урысейм и пощтымрэ я унафэщIхэм захуэдгъэзэнущ, зи ныбжь хэкIуэтахэм я ахъшэр куэду къыщыхахкIэ, хъыбар зэрырагъащIэ щIыкIэм егупсысыну. ЗэрытщIэщIи, иужьрей эманым интернет, телефон Iэмалхэр къагъэсэбэпу дыгъуэзэр куэд хъуащи, ди нэхъыжьхэм я гъэтIылъыгъэр яхуэхъумэн хуейщ, - жиIащ Боярскэм.

«Урысей зэкъуэт» партым и телъхьэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щаIэ къудамэм и лэжьыгъэ зэзыгъэуIу советым и унафэщI, КъБР-м и Парламентым егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Короткин Ольгэ** зэрыжиIамкIэ, зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ зи закъуэу зыхнахэмрэ лей къатемыхьэным теухуауэ ди республикэм бгъэдыхьэкIэ убзыхуэ иIэн хуейщ.

ЩIыналъэ 69-м щрагъэкIуэкIа зэIуцIэхэм хэтахэр Iуэху зыбжанэкIэ зэгурыIуащ, зи ныбжь хэкIуэтахэр къамыгъэпцIэныжьмкIэ сэбэп хъуну къалытэу. Абыхэм ящыщхэр нэхъыжьхэр здэпсэльэфын Iуэхущ Iапх эм я телефонхэр иту тхылъ къыдэгъэкIауэ яхуэгъэшынкIи, хъыбарегъащIэ Iуэхущ Iапх эм я Iэмалхэр къагъэсэбэпыныр.

ПЕЧОНОВ Владилен.

Зи Iуэху зехьэкIэр щапхъэ

Адыгэхэм ди мащIэкъым зи Iуэхущ Iафэ дахэкIэ зэманыр зыгъэнщIа, утепсэлъыхь пэтми зыщумыгъэнщI, уеблэмэ, тхьилъ щхьэхуэ тептхыхьину зыхуэфащэ щIыпкъэхэр. Щэч гуэри хэмылъу, апхуэдэхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым энергетикэ комплексым зыщегъэужьыным хъаруушхуэ езыхьэлIа, абы зи гуащIэшхуэ хэзылъхьа Хьэмыкъуэ Ахьмэд .

ЛIэщIыгъуэ кIуам и плIыщI гъэхэм халъхуа дэтхэнэ зыми хуэдэу, абы и сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм хихыбыдащ, и къэжэпхъыгъуэ-зыужьыгъуэ лъэхъэнэм гугъуехь куэд и нэгу щIэкIащ. Зэманым зэхэгъэж ищIыркъым, абы и дыркъуэр хэмыгъуэщэж уIэгъэ цIыкум кьыхуонэ. Ауэ гугъуехьыр щытепщэ илъэсхэм халъхуамэ, жыру епсыхь, жану, жыджэру, IуэхуфIхэм хуэпабгъэу кьегъэтэдж икIи а псори гъусэ пэжу гъащIэм хъыщыдокIуэкI.

Зи цIыху хэтыкIэкIэ, зи Iуэху зехьэкIэкIэ щытхъу къэзылIажьам пщIэ лей кьилъыхъуэркъым. Хьэмыкъуэ Ахьмэд ящыщщ ери фIыри зэпилъытыфу къэхъуахэм, жэуапльыныгъэм и мыхьэнэр кууэ зыхищIэу, абы и лъапIэныгъэхэр игъэнэхъапэу республикэмрэ бзэмрэ хьэлэлу яхуэлажьахэм. Кьармэхьэблэ жылэжьым (Каменномост) къыщалъхуа, Балъкъ и куэщIым ирапIыкIа, мы махуэхэм зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуа нэхъыжьыфIыр зы щыпкъэм ит, нэмысыщхуэ зыихэлъ, зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыж адыгэлIщ. ЦIыхум и шыфэлIыфэр псом япэу къоэзыгъащIэр кьикIуа гъэугуанэмрэ абы щыхуэзфIэкIамрэщ. А пщалъэмкIэ убгъэдыхьэмэ, Iуэхуфlхэмкlэ гъэнщIа илъэс бжьыгъэ дахэ Хьэмыкъуэм къиэзринэкIащ, и гуащIэм хуэфащэ лъагъуи гъащIэм щыпхишащ.

Кьуажэ школым къыщIэкIа ныбжьыщIэр адэкIэ зыхуеджэнум куэдрэ егупсысакъым - ар пасэу къыхихати, Лениным и цIэр зезыхьэ Ивановскэ энергетикэ институтым и электротехникэ факультетым щIэтIысхьащ, «инженер-электрик» Iэщ Iагъэр зригъэгъэтри, 1968 гъэм кьигъэзэжащ. Абы лъандэрэ Ахьмэд и гущIэри и лэжьыгъэри Къэбэрдей-Балъкъэрым и энергетикэ комплексым зегъэужьыным пыщIащ. Диспетчер пунктым кьиззэрыгъэкI инженеру щыщIидзэри, «Къэббалъкъэнерго» производственнэ зэгуфэныгъэм и тхьэмадэм и кьулыкъум нэсащ.

- Республикэм и электроэнергетикэм и зэфIэувэкIам ди нэхъыжьхэм я тхыдэм увыпIэшхуэ щIэбыд. ЦIыхухэм я гум фIыкIэ кьинэжащ псэукIэщIэм жьыджэру хуэтэджакэр, зэманым кьыдежьа а Iуэхушхуэм зи гуащIэ кэзылъхьахэр, зэдыщIэкIыу щIыным япэ лъэбакъуэкэр хуэзычакэр. Гъэмахуэ хьупIэкэри хихьэу, 1967 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ, унагъуэ, Iуэхущ Iапх эм, мэкъумэш псэуалъэ псоми токыр хуашат. Ди республикэри хэту, а къалэным къэралым япэу щыпэлъэщар щIыналъыщIт.

Ажэгъуэмэм и махуэ

● Щ1ыуэпс

Мэлыжьыхьым и 19-р «Ажэгъуэмэм и махуэу» 1984 гъэм апэ дыдэу Инджылызым къыщалъытащ. Иджы ар къэрал куэдым щагъэлъапIэ.

ЩIЫШIЛЭМ къыщегъэжьауэ мэлыжьыхьым икуэм нэсыху гъэгъа теплъэ иIэу щIы щхьэфэм адэкIи къыщыхэм къэкIыгъэ пасэ щIыкIуэхэр щыгъуэлэжьыр гъатхэр къыззэрихьар, хуабэр щIыIэм текIуэ зэрыхъуар ипэжьипIэкIэ наIуэ хъуа иужькIащ. ГъэщIегъэунэ, ажэгъуэмэм латиныбзэкIэ сфIаща Galanthus псалъэр «шэ къызыщIэувэ къэкIыгъэ» мыхьэнэм зэрыхуэкIуэжри.

Адыгэхэр ажэгъуэмэм и языныкъуэ лIэужьыгъуэхэм зэреджэ псалъэхэр тхьхьынщ: «ажэгъуэмэ», «ажэгъуэмэ пэж», «ажэгъуэмэ пасэ», «уэсэхэIыкI». Ар, СССР-м и унафэщIхэм ар социально-экономикэ, политикэ текIуэныгъэ ину кьалъытэри, энергетик гупышхуэм, нэгъуэщI Iэщ IагъэлIэхэм правительствэ дамыгъэхэр къыхуагъэфэщат, - игу кьеГъэкIыж Хьэмыкъуэм. - Къэралыгъуэ зэрыдгъэтрэ дэкIа зэманым къриубыдэу республикэм зригъэхъулIахэм я гугъу тщIымэ, ди зыужьыныгъэмрэ зыуэщIыныгъэмрэ дамыгъэ яхуэхъуа Бахъсэн ГЭС цIыхуIэрыкI тельыджэр нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщу кьызолIыэтэ. Ар зэрауТIыпщэ нэгъуэщI апхуэдэ ухуэныгъэшхуэ ирагъэкIуэкIатэкIэм. ГЭС цIыкIуипплымрэ блок-станциятымрэ токыу къахуэлэжьыр Къэбэрдей-Балъкъэрыр зыхуейм и процентипщIым нэблагъэт. Республикэм и псыежэхэр къэзэсэбэпынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэр щIэрыщIэу дджын, къэлъыхъэн щыщIэддзар 1992 гъэрщ. Абы лъандэрэ гидроэлектростанцитху - Аксбащ МГЭС-р, «Псыхъурей» МГЭС-3-р, Аушыджэр, Къэщкъэтау, Зэрэгъэж ГЭС-хэр нухуащ. Проектхэр зэхэлъхьэным, щIыпIэхэр кьыхъэным, лэжьыгъэм хуэгъахъэзырыным илъэси 5-10 текIуэдащ. Электрокъарум кьыпэкIуэ ахъшэмрэ нэгъуэщI кьыхэкIхэмрэ а Iуэхуэхэм хэдмыгъэхъэу хуяакъым.

Республикэм и электросеть хозяйствэр зэпIэзэрыту лэжьэн щхьэкIэ, 1980 - 1990 гъэхэм кьырибыдэу лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкIащ: Налшык, Прохладнэ кьалэхэм, Бахъсэн ГЭС-м подстанциищ щагъэуващ, ток кIуапIэхэр, гуэшыпIэхэр якуэуадищ, мэкъумэш Iэнатlэхэм я псэуалъэхэр, жылагъуэхэр электрификацэ ящIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и энергетик нэхъыщхьэ Хьэмыкъуэ Ахьмэд а псоми и гущIэхуэ хэлъщ.

Куэдым хуэжьыджэрт, хуэIэижьи, и зэфIэкIым зыкъызэкъуих зэпытт. КъызэгъэпэщакIуэфIт, жэрдэмщIакIуэт, и лэжьакIэр, и Iуэху зехьэкIэр щагъхьэт. Зытегушхуэр зригъэхъулIэрт. ЩIэныгъэр и лъабжьэу къыхилъхьэхэм я мыхьэнэр къагурыIуэу ищхьэмкIи къыщыдащтэрт. Энергетикэмрэ энергетификацэмрэ пыщIауэ абы игъэзащIэ проектхэр республикэм и Зыужьныныгъэм дежкIэ хэлъхьэныгъэшхуэт.

Къэралыр щытыкIэ хьэлъэм щита 1993 гъэм, адрей Iэнатlэхэм хуэдэу, «Къэббалъкъэнерго» зэгуэхэныгъэри гугъуехьышхуэхэм хуэзат. Акционер обществэ хъуа предприятэр зэхъуэкIыныгъэ зэIумыбзым кьыдэунэху Iуэху зехьэкIэ мыгурыIэгъуэм хэгъэзэгъэн хуейт. Абы теухуауэ зэрыгъэуэзэн, щапхъэ яхуэхъун гуэрэр щыIэтэкым. Хьэмыкъуэр жьыжьаплъэт, еджэным хуэнэхъуеинштэи, Шотландие политехникэ институтым, США-м, Швейцарием, Франджым и щIэныгъэм щыхигъэхъуат.

ГъащIэм кьыхьхьэу хуежьа рынок хъыжьэм и хабзэхэм пэщIэтыныжьмкIэ ар сэбэп кьыхуэхъужащ. Ди пащIэщи фIыкIэ игу кьегъэкIыж гидроэнергетикэ ухуэныгъэхэм я программмэхэр ди щIыналъэм щыпхъэгъэкIыным и Iуэхур а зэманым кьыдэзыIыгъахэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и President КIуэкIуэ Валерий, республикэм и Правительствэм и тхьэмадзу щытахэу Дохъушокъуэ Мусэ, Черкесов Георгий, «Урысейм и ЕЭС» АО-м и унафэщIхэр. Абы щыгъуэ нубзыхуахэр гъэзэщIа хъуами, пщIдей кьыпIэщIытхэм Ахьмэд йогупсысэ. Iэщ IагъэлI Iэзэм кьызэрилъытэмкIэ, 2020 гъэ пщIондэ КъБР-м и гидроэнергетикэм зэрызиужьыным и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм теухуауэ 1998 гъэм къащта программэм щIэрыщIэу хэпльэжьын хуейщ. «Лъыхъуэм кьеГъуэт», - жаIэркъэ. Iэнатlэр езыгъэфакIуэ Iуэхущ Iу кьыхилъхьахэр, яГъунэхуахэр куэд мэхъу. «ЭнергогъэтIылъыгъэхэр» энергетикэ компаниием и унафэщIым я советым и тхьэмадэ Хьэмыкъуэ Ахьмэд зэпымыуэ ипэкIэ маплъэ, щIэ гуэрхэр кьелъыхъуэ. Абы игъэхьэзыращ Балъкъ псыр къэбГъэсэбэн зэрыхъунри и концепцэ. Ар яГъэзащIэмэ, электростанцищым киловатт-сыхьат мелуани 1800-рэ илъэсым кьахуэлэжьынущ.

ГъащIэм и дерс Iущхэр зи Iэпэгъу, щIыхупсэ кьулеигъэр кьызэбэкI, зи акъылыр, зи щIэныгъэр кьэралымрэ бзэмрэ я сэбэп зыхэлъхьэм кьызэлъугъэжьа щIэныгъэлжьа, ноби а хабзэ хьэлэмэтыр зи гуаэзэ нэхъыжьыфIым и гуащIэм хуэфащэ пщIэи кьыпэкIуащ. «СССР-м щIыхь зиIэ и энергетик», «Урысейм и ЕЭС-м щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м щIыхь зиIэ и энергетик» цIэ лъапIэхэр, «Эртсмейкер» кьэрал зэхуаку дамыгъэр, «ГОЭЛРО-рилъэс 70 ирокъу» бгъэхэIыр кьыхуагъэфэщащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етIуанэ хэхьгъуэм и депутату щытащ, щIэныгъэрэ техникэрэ я льэныкъуэкIэ КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреатщ, «Урысей Федерацэм и топ-менеджер-2006» цIэ лъапIэр зэрехьэ.

Зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуа Хьэмыкъуэ Ахьмэд дохъуэхъу узынщагъэ бгъэдыхьэ иIэу и щIэблэм я гуфIэгъуэ куэд ильагъуну, дяпэкIи и мурадхэм кьыхуэзэпищэну.

МЫСОСТ Уэлий.

Лэжьэгъуэ ныбжьым и ныкъуэдакъуэхэм ящыщу лэжьапIэншэу щысхэм Iэнатlэкlэ ядэIэпыкъуным хуэгъэза лэжьыгъэ къызэгъэпэщыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм гъатхэпэм и 27-м №45-ПП ***Налшык къалэ***

Лэжьыгъэмрэ цIыхухэр лэжьапIэкIэ кьызэгъэпэщыныжьмкIэ федеральнэ кьулыкъущIапIэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ зэдзэлажьэну, информацэкIэ зэхъуэжьаным теухуауэ 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м зэращыIа зигурыIуэныгъэм и гуэдзэну иужькIэ Iэ зыщIадзыжа зигурыIуэныгъэм ныкъуэдакъуэхэм лэжьапIэкIэ ядэIэпыкъуным теухуауэ зэман къэкIуэнум зэфIагъэкIын папщIэ щагъэува къалэнхэр гъэзэщIэн, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэр, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэр, гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм я щIыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэхэр, бюджетым хиумыбыдэ фондхэр, лэжьапIэ зытхэм я зигугъэныгъэхэр, жылагъуэ зэгухэзыгъэхэр, ныкъуэдакъуэхэм я зигугъэныгъэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щылажьэхэр икIи ныкъуэдыкъуэхэр лэжьапIэкIэ кьызэгъэпэщыныжьмкIэ къэрал шэсыпIэхэр гъэзэщIэным зи зэфIэкIкIэр хуэгъэзахэр тэмэму зэдзлэжьэныр кьызэгъэпэщын мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Лэжьэгъуэ ныбжьым и ныкъуэдакъуэхэм ящыщу Iэнатlэ Iумытхэр лэжьапIэ увыныжьмкIэ ядэIэпыкъу комиссэ кьызэгъэпэщын.

2. Къэщтэн мы унафэм щIыгъуэху:

Лэжьэгъуэ ныбжьым и ныкъуэдакъуэхэм ящыщу Iэнатlэ Iумытхэм лэжьапIэ увыныжьмкIэ ядэIэпыкъу комиссэм теухуа Положенэр;

Лэжьэгъуэ ныбжьым и ныкъуэдакъуэхэм ящыщу Iэнатlэ Iумытхэм лэжьапIэ увыныжьмкIэ ядэIэпыкъу комиссэм хэтхэр.

3. Муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм чэнджэщ етын:

лэжьэгъуэ ныбжьым и ныкъуэдакъуэхэм ящыщу Iэнатlэ Iумытхэм лэжьапIэ увыныжьмкIэ ядэIэпыкъу муниципальнэ комиссэхэр кьызэрагъэпэщыну икIи абыхэм я лэжьыгъэр тэмэму зэтраухэну;

зи мылъкуу щытым емылъытауэ, муниципальнэ щIыналъэм щыIэ организацэ псоми я зэIуцIэхэр, коллегиехэм я зэIуцIэхэм ныкъуэдакъуэхэр яГъэувын папщIэ лэжьапIэ Iэнатlэхэр кьызэгъэпэщыныжьмкIэ яГъэува квотэхэр иджы зекIуэ законодательствэм кьызэригъэуэвым хуэдэу нэсу гъэзэщIа зэрыхъум, апхуэдэу лэжьэгъуэ ныбжьым и ныкъуэдакъуэхэм ящыщу Iэнатlэ Iумытхэр лэжьапIэкIэ кьызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ зэфIагъэкIэм щыхэпльэнэу;

квотэкIэ кьызэрагъэпэщ Iэнатlэхэм законодательствэм зэрирубзыхуэм тету ныкъуэдакъуэхэр гъэувыныжьмкIэ зэфIагъэкIахэм ятеухуауэ организацэхэмрэ предприятэхэмрэ кьагъэхьа бжьыгъэхэм (отчётхэм, информацэм) зэрыхэплъам кьрикIуахэр законым тету щыхуэфащэ унафэ тращыхьын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщыныжьмкIэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм, прокуратурэм и органхэм хуагъэхьыну;

хозяйствэм и субъектхэу муниципальнэ щIыналъэм кьриубыдэу щылажьэхэм ныкъуэдакъуэхэр Iэнатlэкlэ кьызэрызэрагъэпэщым теухуа информацэр мазэ къэс Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщыныжьмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм хуагъэхьыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщыныжьмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм хуагъэувын:

ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм сэбэпынагъэ нэхъыбэ къалыкIын папщIэ лэжьэгъуэ ныбжьым и ныкъуэдакъуэхэр, абыхэм лэжьэну гукъыдэж зыщIахэри яхэту, кьыхитхыкIыну икIи абыхэм яхуэзфIэкIын Iэнатlэу цIыху зыIумытхэм я учёт иригъэкIуэкIыну;

цIыхухэр лэжьапIэкIэ кьызэгъэпэщыныжьмкIэ органхэм я дэIэпыкъуныгъэкIэ ныкъуэдакъуэхэр Iэнатlэхэм, абыхэм квотэкIэ кьызэрагъэпэща Iэнатlэхэри яхэту, зэрагъэувын мазэ къэс кIэлъыплъыну;

яГъэува квотэхэм тету ныкъуэдакъуэхэр лэжьапIэкIэ кьызэгъэпэщыным теухуа къалэнхэр зымыгъэзащI унафэщIхэр законодательствэм кьызэригъэувым тету жэуапым ешэлIэным езым кьыбгъэдэхуэ Iуэхухэр зэфIагъэкIыну;

лэжьэгъуэ ныбжьым и ныкъуэдакъуэхэм я узыншагъэр къэпщытэным теухуа медико-социальнэ экспертизэм цIыхухэр лэжьапIэкIэ кьызэзыгъэпэщ органхэм я лIыкIуэхэри хигъахьэну.

5. «Медико-социальнэ экспертизэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ бюро нэхъыщхьэ» федеральнэ кIэзэнэ Iуэхущ Iапх эм чэнджэщ етын:

лэжьэгъуэ ныбжьым и ныкъуэдакъуэхэр гъащIэмрэ лэжьыгъэмрэ хигъэзэгъэныжьмкIэ дэтхэнэми теухуауэ зэхилъхьа программэхэм кьыхитхыкIахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщыныжьмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм хуигъахьэну икIи ныкъуэдакъуэм илэжь хъунэмрэ мыхъунэмрэ абы зэпкърыхауэ кьыщигъэлъэгъуэну;

ныкъуэдакъуэхэр Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщыныжьмкIэ Iуэхущ Iапх эм хуэгъэкIуэта полномочиехэр зыгъэзащIэхэр зыщIэупщIахэм ятеухуа жэуапыр и зэманым яритыну.

6. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Ахъуэхъу Т. Б.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещIыхьауэ 2016 гъэм и IV кварталым цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэр гъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм гъатхэпэм и 27-м №46-ПП ***Налшык къалэ***

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхур щыпсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэр зыхуэдизым и Iуэхукlэ» 2005 гъэм накъыгъэм и 18-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №30-РЗ-м и 4-нэ статьям и Iыхьэ 1-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщыныжьмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм кьызэрызихъьхам ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхур щыпсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу 2016 гъэм и IV кварталым зыхуейр гъэувын ику иту сом 10183-рэ, лэжьэгъуэ ныбжьым итхэм папщIэ 10593-рэ, пенсионерхэм папщIэ 8009-рэ, сабийхэм папщIэ 10803-рэ хъуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий

Социальнэ унэтIыныгъэ зиIэ, сатум пымыщIа организацэхэм субсидиехэр зэрырат хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм гъатхэпэм и 27-м №47-ПП ***Налшык къалэ***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Социальнэ унэтIыныгъэ зиIэ, сатум пымыщIа организацэхэм субсидиехэр зэрырат хабзэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм мазаем и 13-м кьыдигъэкIа унафэ №16-ПП-м, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м кьыдигъэкIа унафэ №291-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм гъатхэпэм и 27-м №48-ПП ***Налшык къалэ***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

«2015 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа «Псэупlэ» федеральнэ программэ хэхам и «УнагъащIэхэр псэупlэкIэ кьызэгъэпэщын» программэ къуэдзэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэзэщIэныжьмкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м кьыдигъэкIа унафэ №291-ПП-м халъхь зэхъуэкIыныгъэхэр кьэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий

Муниципалитетхэм я гъуэгу фондхэр кьызэрагъэпэщын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэкIыну муниципальнэ щIыналъэхэм субсидиехэр зэрырат икIи ахэр кьызэрагъэсэбэп хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм гъатхэпэм и 27-м №50-ПП ***Налшык къалэ***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Муниципалитетхэм я гуэгу фондхэр кьызэрагъэпэщын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэкIыну муниципальнэ щIыналъэхэм субсидиехэр зэрырат икIи ахэр кьызэрагъэсэбэп хабзэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 9-м кьыдигъэкIа унафэ №292-ПП-мкIэ кьищтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэужьын» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм гъатхэпэм и 27-м №52-ПП ***Налшык къалэ***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэужьын» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм мэкъуэгуэгъуэм и 28-м кьыдигъэкIа унафэ №182-ПП-мкIэ кьищтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм шыщхьэIуIэм и 19-м кьыдигъэкIа унафэ №196-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм гъатхэпэм и 27-м №53-ПП ***Налшык къалэ***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кIэзэнэ, бюджет Iуэхущ Iапх эм, Iуэхущ Iапх э пыгъэщхьэхукIахэм я лэжьакIуэхэм лэжьапIэ зэрырат отраслевой системэ зэрызэтрагъэувэ щIыкIэм теухуа положенэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кIэзэнэ, бюджет Iуэхущ Iапх эм, Iуэхущ Iапх э пыгъэщхьэхукIахэмрэ я лэжьакIуэхэм лэжьапIэ зэрырат отраслевой системэ зэтегъэуэвэным и Iуэхукlэ» 2008 гъэм шыщхьэIуIэм и 19-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм кьыдигъэкIа унафэ №196-ПП-мкIэ кьищтам, халъхь зэхъуэкIыныгъэхэр кьэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и Iуэхущ Iапх э органхэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и ахъшэр къэгъэсэбэпынымкIэ унафэщI нэхъыщхьэ щытхэм яхуэгъэувын лэжьапIэр зэрат отраслевой системэхэм зыхуэфащэ зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий

«Узыншагъэр хъумэнымкIэ Iэнатlэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщегъэужьын» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм

2017 гъэм гъатхэпэм и 31-м №54-ПП ***Налшык къалэ***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

«Узыншагъэр хъумэнымкIэ Iэнатlэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщегъэужьын» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м кьыдигъэкIа унафэ №136-ПП-мкIэ кьищтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий

ЩІэныгъэлІ, критик Іэзэ Тхьэгъэзит Юрий и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу

Зэманым декІу щІэблэм гъуэгу етыпхъэщ

Филологие щІэныгъэхэм я доктор, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и лэжьакІуэ, КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІым и къуэдзэ Тхьэгъэзит Юрий гупсысэ куу зиІэ, зи гъащІэри зи зэфІэкІри лъэпкъ литературэм зегъэужьыным, ар хэІуцІыІу щІыным тезыуха щІэныгъэлІ пэрытщ.

ТхьэГъэзит Юрий 1947 гъэм мэлыжьыхым и 9-м Тэрч щІыналъэм хьихьэ Дей къуажэм кьыщалъхуащ. Дзэм къулыкъу щищІа иужькІэ, 1969 гъэм, КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие къудамэм щІэтыисхьащ. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта щІалэм лэжьэн щыщІидзащ «Советская молодежь» газетым, 1977 гъэм КъБКъУ-м уврИ, илъэс куэдкІэ хамэ къэрал литературэмкІэ щригъэджащ.

Зи щІэныгъэм адэкІи хэзыгъэхъуэну хуэпабгъэ Тхьэгъэзитыр 1980 гъэм Горький Максим и цІэр зезыхьэ Дунейпсо литературэмкІэ институтым и аспирантурэм щІэтІысхьэри, 1984 гъэм «Роман жанрым адыгэ литературэм зэрызыщиужьар» фІэщыгъэм щІэт и кандидат лэжьыгъэр пхигъэкІащ. А илъэс дыдэм ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым ирагъэблагъащ. ЩІэныгъэм дихьэха Тхьэгъэзитым 1994 гъэм «Къэбэрдей литературэм и псэкупсэ-щэнхабзэ лъабжьэхэр» доктор диссертацэр игъэхьэзырри, филологие щІэныгъэхэм я доктор цІэр къыфІащащ.

1997 гъэм Тхьэгъэзит Юрий КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр къулыкъур къыхуагъэфэщащ, 2004 гъэм КъБР-м и Президентым и чэнджэщагъуэ игъэуващ.

Абы и пІэ литературэдж лэжьыгъэхэмкІэ гурыІуэгъуэт ар жыжьэ ІуэцІрыпльыф къэхутакІуэгу зэрыщытыр. Лъэпкъ литературэр дуней псом ейм иригъапщэр, абы зздайуэ хэлъыр къилъыхъуэу къэхутэныгъэ гъэщІэгъуэнхэр иригъэкІуэкІырт Тхьэгъэзитым. Апхуэдэ ухуэкІэщ иІэр Къзэанокъуэ Жэбагъы теухуауэ 1985 гъэм къыдигъэкІа лэжьыгъэм. 1987 гъэм дунейм къытехьащ «Адыгэ роман» монографиер. Адыгэ романым хэлъ щхьэхуэныгъэхэм, мифоэпическо хабзэхэм, лъэпкъ литературэм дежкІэ щІалэ я жанрыр ди тхакІуэхэм къаэрехъулІэр щызэпкърыхащ абы. «Зы къуэпскІэ зэпхащ» монографиер (1991 гъэ), лъэпкъ литературэр къыщыхъуэм щегъэжьауэ иІа зыужьыкІэхэм теухуащ.

Тхьэгъэзитым и къэхутэныгъэхэр адыгэ литературэм и псы Іубыгъуэт. Абы Іэзагъэшхуэ хэлъу литературэр зэщІегъэжьбзыкІри, и фыр утыку ирехьэ. ЩІэныгъэлІым и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм я фыгъэкІэ гупсысэ куукІэ гъэнщІа лъэпкъ литературэ дызэриІэр куэдым къащІащ.

«Художественный мир Али Шогенцукова» (1994), «Жизнь и судьба Али Шогенцукова» (2005), «Эволюция художественного сознания адыгов» (2006), нэгъуэщІ тхылъ куэди къыдигъэкІащ.

Лъэпкъ тхакІуэхэр литературэм и кІыщым щылъащэмэ, абыхэм я Іэдакъэщ Іэкіыр зыпсыхьыжьр, «зи нэ къэмыпщІа» тхыгъэхэр дунейм къытезышэу цІыхухэм езыгъэцІыхур Тхьэгъэзит Юрий хуэдэхэращ. Ар и Іэдакъэщ Іэкіхэмкіэщ нэхъыбэу цІыхухэм «зэрепсальэр». Литературэм е лъэпкъ щэнхабзэм щытепсэлъыхькІэ, цІыху тКІийуэ къызыщыхъуни щыІэщ, ауэ хэт фІыуэ илъагъум хуэмынэхъуеиншэр?! Абы жиІэрейщ лъэпкъ Іэхур, литературэр, щэнхабзэр зехьэнкІи нэхъыжьагъ-нэхъыщІагъуэм тепщІыхьныныр зэрыщыІуагъэр, ауэдэ «есэп щІыкІэ» зиІэ лъэпкъым зэрызимыужьыфынур.

- «Зэманым декІур лыфІщ», - жиІащ Къзэанокъуэ Жэбагъы. Зэманым декІур хэт? Зи щІалэгъуэрщ. Ахэращ гъуэгу зэтыпхъэр, - къыддогушэ и гупсысэхэмкІэ Тхьэгъэзитыр. - Нэхъыжьхэм я къалэнщ, гъащІэм къыхаха Іущагъкъэмкіэ щІэблэм зыщІагъэкъуэныр. Абы теухуауэ Айтматов Чингиз «Легий пёс, бегущий краем моря» зыфІища повесть гъэщІэгъуэн иІэщ. Адэшхуэр, къуэр, къуэрыльхуэр къъуафэжьей цІыкІым ису тенджызым здытетым, ар зэуэ къоукъубейри, псы кІадэ фІэкІ ямыІыгъуу ирехьэжьэ. Махуэкіэ тенджызым тетауэ, жэщ щыхъум, адэшхуэм Іуэхур зэрегъэзахуэри, зэфэну псыр щыми зэрахуримыкъунур къыщыгурыІуэм, и къуэмрэ и къуэрыльхумрэ жеижа иужь, псым зыхедзэжри зрегъэтхьэлэж. Пщэдджыжьым къэуша къуэм Іуэхур зытетыр къыгурОІуэ, ауэ зыри жиІэркъым. Махуит! докІ тенджызым тетурэ, псы зэфэм хощІ, адэкІэ къаІэщылъэр гурыІуэгъуэкъым. Жэщ зэрыхъуу, илъэс пщыкІуз зи ныбжь щІалэ цІыкІур егъэжеижри, адэми псым зыхедзэж. Сытми, зи закъуэу къэна щІалэ цІыкІур къелащ. Повестым и гупсысэ нэхъыщхьэр лейуэ «щІэбгъэныщкІужьын» щыІэкъым. Ауэ лъэпкъым егупсис, абы ифІ зезыхуэ дэтхэнэ нэхъыжьми а гупсысэкІэращ иІэн хуейр.

«Уи ныбжьагъур къызжеІи, узищІысыр бжесІэнщ» псалъэ пэжкэр жиІауэ щытащ цІыху Іущ гуэрым. Тхьэгъэзитыр илъэс 70 щрикъум къыдигъэкІа тхылъым ди къэралым щыцІэрыІуэ, тхакІуэхэм, щІэныгъэлІхэм, и ныбжьэгъуэхэм къыщыхужаІэ псалъэхэм уримыгушхуэнкІэ Іэмал иІэкъым.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Дыгулыбгъуей къуажэм къыщалъхуа Къунаш Дохъушыкъуэ 1908 гъэм Одессэ къалэм мы сурэтыр щытрахащ. И псэукІамрэ и натІэ хъуамрэ Іупщкъым. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, мыр дыгулыбгъуейдэсхэу Къунаш Борисрэ ПхытІыкІ Юрэрэ я адэшхуэм и къуэшым и къуэщ.

ЛІырыгъу Мансур Мухьэмэд и къуэм и архивым щыщщ.

Дунейпсо пщалъэр зи гъуазэ

Сэ къыззэрысфІэщІымкІэ, Тхьэгъэзитым хэлъхьэныгъэу ищІар къэтпщытэну дыхуейм, абы и лэжьыгъэр хэгъэщхьэхуКІа мыхъуу, лъэпкъ литературэ щІэныгъэм и тхыдэм хэту уеплъыну кьелэжь, сыту жыпІэмэ ар къыгуэхыпІэ имыІэу лъэпкъым ейщи икІи апхуэдэр зыхуэфащэу ди литераторхэм куэд яхэткъым.

ТхьэГъэзитым япэ итахэм я гъуэгум къыззэрипищар зы псалъэкІэ жыпІэмэ, ди лъэпкъым и литературэри дунейпсо литературэм и зы Іыхьэ мыгугушу, къыгуэпх мыхъуну, ар зым нэхъри нэхъ мыхьэнэншэу жыпІэ мыхъуу, пкъымрэ лымрэ щыщу къызззригъэлъэгуэфаращ.

Тхьэгъэзит Юрий и пщэ дилъхьэжащ адыгэ романым и теплъэхэмрэ зэрызиужьа щІыкІэхэмрэ кьихутэну. Абы и гъусэу ди лъэпкъ мащІэу зи литературэр гущІэм кьебэкъуагъащІэр дунейпсо щэнхабзэм и кІэдзэдзэ-гуэдзэну щымыту, атІэ ари мыхьэнэ зиІэ гуэркІэ абы зэрыкхуэвэр, лъэпкъ цІыкІум и литературэми езым и макъ зэриІэжьр, адрейхэм абыкІэ зэрапэджэжыр, зэрабгъурыуевэр кьигъэлъэгъуэн хуэфІэкІащ.

Тхьэгъэзит Юрий ящыщщ адыгэ литературэр утыкушхуэм ихьэфын хуэдэу, и пІалъэр къыщысым игъуэ дыдэу къыкъуэкІа щІэныгъэлІ, критик гупым. Ящыщ къудейм къыщымынэу, ар япэ иту жысІэмэ, егъэлеиныгъэу къысфІэщІыркъым. ИкІи нобэ ди лъэпкъ литературэм зуэфащэн пщІэ утыкушхуэм щигъуэтмэ, абы зи фІыщІэ хэлъхэм ящыщ зыщІ Юрий.

Апхуэдэу щІэныгъэм и пкъыгъуэ зыбжанэм хэгъэзауэ литературэхутэ щІэныгъэлІу нобэкІэ адыгэм диІэр закъуэтІакъуэ дыдэщ. Абы и къэхутэныгъэ тхылъхэмрэ тхыгъэ, доклад щхьэхуэхэмрэ зэхуэпхьэсыкмэ, нобэрей адыгэ тхыдэм и зы Іыхьэшхуэщ - япэ итахэр и тегъэщІапІэ щыпкъэу, иужькІэ кьакІуэхэмрэ иджыри щыІэнухэмрэ гъуэгу тэмэм яригъэлъагъуу, нэгъуэщІ мыхъуми, нэхъапэкІэ зы щІыху гуэрми и лъэ зытемыува щІыпІэм лъагъуэ щІыкІу щІпхиш.

Тхьэ лъапІэм зэчийр щигуэшым щыгъуэ Тхьэгъэзит зэкъуэшхэр, Юрийрэ абы и шынэхъыжь, псоми фІыуэ тлъагъу Зуберрэ, дауи, къуэгъэнапІэ гуэр къуэсакъым, тІуми уэру Іэзагъри щІэныгъэри кьаритащ. Абыхэм я зыр ящ ятІ утыку кьихьат, и зэчийри щІыхубэр нэхъ зыщІэупщІэжэм ящыщти, и цІэри нэхъапэ жыжьэ нэІуСащ. Ауэ мыдрейри и шынэхъыжь ycакІуэшхуэм и жьауэм куэдрэ щІэсакъым, езым и гъуэгу кьыхихьэжри, сэ кьыззэрыщыхъуникІэ, кьыхьэкІа лъэпкъым хуэщхьэпэну, нэхъ хэкъуэзуэ жысІэнщи, а лъэпкъыр куэду зыхуэныкъуэ Іэзэчтхьэбэзэшхуэ хуиищІащ, ари игъуэ дыдэу.

ГЪУТ Іэдэм,
филологие щІэныгъэхэм я доктор.

ЩІэж узыншэ зэраІэр къегъэлъагъуэ

Тхьэгъэзит Юрийщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыщыІэр къызззыгъэщІар. Араща зи лэжьыгъэхэм ситхьэкъуа Урым Руслан и «КІыщым» сызыщауэ щытари. Абы и фІыгъэкІэ ди къэралым и композитор нэхъыфІхэм ящыщ ХьэІупэ Джэбрэ́Илрэ дирижёр Темыркъан Борисрэ къэсцІыхуащ.

«АПХУЭДЭ цІыху телъыджэхэр зи ныбжьэгъур, езыри цІыху гъэщІэгъуэну къыщІэкІынщ», - жысІэри сегупсысат а зэманым. Сыщыуатэкъым.

ЩІэныгъэлІхэм я нэхъыбэм къагъэсэбэп къэхутэныгъэ Іэмалхэм къищынэмыщІа, езым и еплъыкІэ зиІэж Юрий адыгэ литературэри фІыуэ уегъэлъагъу. Лъэпкъ щэнхабзэмрэ литературэмрэ куууэ хэзыщІыкІ щІэныгъэлІым, адрей лъэпкъхэм яйми нэІуасэ зыхуещІри, абыхэм зэдайуэ хэлъыр, щхьэхуэныгъэуэ яІэр кьелъыхьуэ. Политикэ мыхъумыщІэм и зэранкІэ ди лъэпкъхэм яку кьыдыхьэну яужь щита зэманхэми Тхьэгъэзитым дигъэлъэгъуащ лъэпкъ литературэр КІыщокъуэ Алим, Кулиев Кьайсын, Гамзатов Расул сымэ я деж зэрыщымыухар, лъэпкъ литературэхэм щІэж узыншэ зэраІэр.

Юрий, щІэх-щІэхыурэ нэпсалъэурэ, Кавказ Ищхъэрэм и литературэм щІэуэ кьыхьыхьахэм я гугъу кьысхуещІри, сыщогуфІыкІ.

ОГРЫЗКЭ Вячеслав,
«Литературная Россия» газетым и редактор нэхъыщхьэ.

НэгъуэщІынэкІэ урегъэплъ

Тхьэгъэзит Юрий и «Эволюция художественного познания адыгов» тхылъым хуабжьу сфІэгъэщІэгъуэну седжащ. Зэманым и кІуэкІэр, литературэм абы щигъуэта зыужьныныгъэр гурыІуэгъуэу кьыщыгъэльэгъуащ абы.

Сэри си къуэш нэхъыщІэ Юрий дежкІи хуабжьу мыхьэнэ ин иІэщ къэбэрдей литературэм и ныбжьэр зыгъэтІылъа Щоджэнцыкіу Алий теухуа лэжьыгъэр.

ГъащІэ кІыхь иІэну сохъуэхъу.

ТЕМЫРКЪАН Борис,
УФ-м и цІыхубэ артист.

Гугъэм и мафІэ

Сэ къызэрысщыхъумкІэ, Тхьэгъэзитыр адыгэхэм я художественнэ щэнхабзэм куууэ егупсис, ныкъуэкІ упщІэхэм жэуап нэс ягъуэтыным и зэфІэкІ псори езыхьэлІэ, адыгэ, шэрджэс, адыгей литературэхэр зэкъуэпчынкІэ Іэмал зэримыІэр къызыгурыІуэ Іэщ ІагъэлІщ. Апхуэдэуи къыхэгъэщыпхъэщ Іуэхугъуэ зэІуМыбзэкм ар зэрыщымышынэр, псоми жэуап къаззрыхуигъуэтыным ерыщу яужь зэритыр.

ТхьэГъэзитым и «Духовно-культурные основы кабардинской литературы» лэжьыгъэм и гугъу пщІымэ, щІэныгъэлІым мыбы яІэу къыщІехутэ архетипыр, мифыр, хабзэр, художественнэ гупсысэр тхыдэ-щэнхабзэ зыужьныныгъэм и лъэхъэнэ псоми зыхуэдар, ахэр зэрызэхущытыр.

Юрий и щІэныгъэ «хъуржьныр» екъулІэныгъэхэмрэ дяпэкІэ ищІэну и мурадыфІэхэмкІэ къуащ. Абы Іэмал кърет щхьэхуэныгъэ мымащІэхэр зиІэ, урысейпсо щэнхабзэм увыпІэшхуэ щызыубыд адыгэ литературэм теухуа тхыгъэ купщІафІэхэм ехьэлІа къэхутэныгъэхэмкІэ и лэжьэгъухэм дяпэкІи къыддэгугъэшэну.

БЭЧЫЖЬ Лейла,
КъШР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ.

Ди лъэпкъэгъу, литературэдж Іэзэ Тхьэгъэзит Юрий псалъэ дахэ куэд хуэфащэщ. Си гуапэщ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэ псом къыщащІыху щІэныгъэлІ псалъэ жысІэну Іэмал зэрызгъуэтар.

АБЫ и лэжьыгъэхэр Кавказ Ищхъэрэм и филологие щІэныгъэхэм я хэлъхьэныгъэшхуэщ. Ар сыт и лъэныкъуэкІи зэщІэуэзда щІэныгъэлІ нэсщ, ар нАуэ пщащІ абы и ІэдакъэщІэкІхэм. «Духовно-культурные основы кабардинской литературы» тхылъыр сыт и уасэ?!

Лъэпкъ литературэм теухуауэ Бэчыжь Лейлэ, ШащІэ Къазбэч, ХьэжІуащэ Мадинэ, ЛъапцІэрышэ Хьалид, Мамий Руслан сымэ, нэгъуэщІхэми я ІэдакъэщІэкІхэм сыкъыщеджэкІэ, Іупщу си нэгу кьыщІохьэ адыгэ литературэм ехьэлІа щэнхабзэм унэтІыныгъэщІэ игъуэтыр, адыгэ щэнхабзэм и Іэжьакіуэ емызэщІ Тхьэгъэзит Юрий и пашэу.

Адыгэм литературэ бей диІэщ. Щоджэнцыкіу Алий, КІэрашэ Тембот, Хьэтхъуэ Ахьмэд, КІыщокъуэ Алим, Уэхъутэ Абдулыхь сымэ хуэдэ тхакІуэ лъэщхэр кьытхэкІащ, ауэ уи жагъуэ мыхъуу кьанэркъым тхыгъэр зэпкърызых, и фІымрэ и Іеймрэ зэхэзыгъэкІ критик дызэримыІэр.

Си фІэщ мэхъу ди щІыналъэр щІысу зэчиифІэ зэрыщымыщІэнур, адыгэ лъэпкъым и псэр, и художественнэ гупсысэ куур литературэмрэ литературэджымрэ кьыхэзыгъэщ тхакІуэхэмрэ щІэныгъэлІхэмрэ диІэху. Си фІэщ-хъуныгъэр щІагъэбыдэ Тхьэгъэзитым и щІэныгъэкритикэ лэжьыгъэхэм.

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ,
Адыгейм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ.

Адыгэ щэнхабзэм и лэжьакІуэ емызэщ



Тхьэгъэзит Юрий и щхьэгъусэ Иринэрэ и къуэ Муслъимрэ ябгъэдэтщ.

Зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыдахэр, абы и ужь лъэхъэнэ хьэлъэр зи нэгу щІэкІахэр зэманым пасэу балигъ зэрыдэхъуам пцІы лъэпкъ хэлъхьым. Абы и щыхьэтщ япэ ищахэм мы гъащІэм щагъэзэщІа къалэн щхьэпэмрэ нобэ тхуэузыншэхэм я ІуэхущІафэмрэ.

БАХЪСЭН щІыналъэм хьихьэ Ислъэмей къуажэм щыщ Мэзан Михаил Бэчыр и къуэр гъащІэ мащІэт - илъэс 63-рэщ къигъэщІар, ауэ я пІалъэ кІэщІым кьриубыдэу хуэзфІэкІам ину дрогушхуэ. Зэрытхэмытыжрэ илъэс 20-м нэсами, къуажэдэсхэм, къэзыцІыхуу, и лэжьэгъуу щытахэм ящытахэр зэхуаІуатэ-зэІэпах, и фэеплъым пщІэ хуащІ.

Зэшищым я нэхъыщІэ Михаил и адэ-анэм я къуагъым зэи къуэсакъым. Къэжэпхъыу зэрыхуежьэу, Іэпыдзлъэпыдзу иригъажэри, хуэм-хуэмурэ унагъуэм и щІэгъэкъуэн нэс хьуащІ. ЩІалэ цІыкІур ерыщт, щІэныгъэм и насып зэрыхэлъым и нэщэнэу, еджакІэ хуэнэхъуеинШэти, тхылъыр и Іэпэгъу зэпытт. Олимпиадэ, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыпашэт, школ гъащІэм щыжьыдэрт. Къуажэдэс ныбжьыщІэхэм ящыщу курыт еджапІэр япэу медалкІэ къэзыухэри Михаилт. Хэт ищІэн, а илъэсхэрагъэнщ «агроном» узыр абы къыщыхуэкІуар.

Курыт школым къыщІэкІа щІалэм и хъуэпсапІэр зыт - Тимирязовым и цІэр зезыхьэ Мэзкуу мэкъумэш академием щеджэнрати, и мурадыр зригъэхъулІащ. Япэ курсым щегъэжьауэ фІы дыдэу зэреджэм кьыхэкІыу, зыхэс курсым и старостэу хахати, а къалэнри дагъуэншэу ирихьэкІащ, къищынэмыщІауэ, и адэанэм затримыгъэхьалъэн щхьэкІэ, жэщхэм пльыращ: тыкуэнхэр ихъумащ, вагонхэр иунэщІащ, хьэлъэхэр игъэІэпхъуащ, нэгъуэщІ лэжьыгъэхэри игъэзэщІащ.

Михаил хуабжьу гурыхуэт, зэчиифІэт, акъыл жан иІэти, еджэныр кьытехьэлъэртэкъым, лекцэхэр, семинархэр зэрьблимыгъэкІым и сэбэп кьекІыжьырт. Студент илъэсхэр и кІэм щынэблагъэм, и щІэныгъэм аспирантурэм щыхигъэхъуэну мурад ещІ. И адэ-анэм щыхуагъэдахэм, щІотІысхьэри, агрономием и «щэхухэр» куууэ едж, щІэныгъэ конференцэхм, семинархэм жыджэру хэтщ. Къыхиха Іэщ Іагъэм теухуа къэхутэныгъэхэр зэпкърех, зэпешэч, зэрегъапщэ, гъуэнхэуныгъэхэр ирегъэкІуэкІ, а псор зэхелъхьэжри, тхылъ пІащэ кьыдегъэкІ, и кандидат диссертацэр егъэхьэзырри, ехьэлІэныгъэкІэ пхегъэкІ.

Мэкъумэш щІэныгъэхэм я кандидат хуауэ, щІымрэ къэкІыгъэхэмрэ я зехьэкІэм фІыуэ щыгъуазэу къэзыгъэззэжа щалэм Іуэхущхэр къыпэплъэрт. ИкІи, Іэнатіэ хэлъыхь имыщІу, кьрагъэз дзыхьыр игъэпэжу, и къалэнхэр хьэлэлу ирихьэкІыу щІедзэ.

- ЩІэныгъэфІ иІэу зы адгроном къэдмыгуэту хъунукъым, абыкІэ фыкъыддэІэпыкъуамэ арат, - зыхуегъаз Ислъэмей къуажэм щызэхэт «Красная Кабарда» колхозым и тхьэмадэ Мэлыхьуэ Фуіэд партым и Бахъсэн райкомым и япэ секретарым.

- Уэлэхьи, фи Іуэхур къикІам, Мэзкуу щеджагъуэ фи жьлэм щыщ Іэщ Іагъэлі хъарзынэ щыІэщ, - игъэгуфІащ щІыналъэм и унафэщым Фуіэд.

- Хэтхэ ящыщу пІэрэ?

- Мэзан Бэчыр и къуэщ.

- Сыарэзыщ, Бэчыр и бынхэр лжьакІуэшхуэщ, зи гугъу пщІы щІалэр нытхуэвгъэкІуамэ, дыунат, - мэгуфІэ хозяйствэм и тхьэмадэр, и гур зэгъауэ.

Илъэсищ къудейщ Мэзаныр «Красная Кабарда» колхозым зэрыщыІар, ауэ а зэман кІэщІым кьриубыдэу къызэгъэпэщакІуэ Іэзэу, щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ Іэщ Іагъэлі нэсу зыкъигъэлъэгъуащ. И зэфІэкІыр кьалъытэри, кьэкІыгъэхэр хъумэнымкІэ республикэ станцым унафэщІу ягъакІуэ. А кьалэнми хъарзынэу йохьулІэ. Игури и псэри етауэ яужь йохьэри, Іэнатіэр хуэфащэу зэтрегъэувэ, пэрытхэм ящыщ ещІ. Аруан щІыналъэм и жыг хадзкэр зэгуагъэхьэну мурад щащІым, жэуаплныгъэшхуэ зыпылъ а лэжьыгъэр Мэзаным и пщэ далъхьати, ар дагъуэншэу къыззригъэпэщащ икІи илъэс тІощІым щІигъукІэ абы и Іуэхур иунэтІащ, пхъащхьэмыщхьэмрэ хадзкэкІхэмрэ уз зэмылІэужьыгъуэхэм зэрыщыхъумапхъэм теухуа тхылъ щхьэпэхэр къыдигъэкІащ.

И зэфІэкІыр гулъытэншэ хъуакъым: «ЩІыхьым и дамыгъэ» орденыр, «И гуапІэдэкІ лъэгагъм папщІэ», «И къэмылэнджэж лэжьыгъэм папщІэ» медалхэр, щІыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ, «КъБАССР-м щІыхь зиІэ и агроном» цІэ лъапІэр къыфІащащ.

Зи дэтхэнэ махуэри Іуэхуфікіэ гъэнщІауэ къеКІуэКІа Мэзан Михаил къызыхэкІа лъэпкъым, къэзылъхуахэм яхуэфащэу, абыхэм я пщІэмрэ я нэмысымрэ фІэлъапІэу бэм яхуэлэжьащ, яхуэпсэуащ, здэкІуам увыІэпІэ дахэ щигъэтауэ Тхьэм къыщыгъэкІ.

КЪАРДЭН Мухьэмэд.
Ислъэмей къуажэ

● Фэеплъ

Апхуэдэт Мэзаныр

Артист цIэрыIуэхэр ягу къагъэкIыж

Налшык и Музыкэ театрым мэлыжьыхьым и 7-м фэепль пшыхь щекIэкIащ. Ар теухуауэ щытащ УФ-м и цIыхубэ артистхэу ТIыхъужь Алийрэ Дыщэкl КIунэрэ къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум. Пшыхьыр къызэригъэпэщащ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм.

КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр Къумахуэ Мухьэдин къыхигъэщащ лъэпкъ театрхэр къызэрызэрагъэпэщцэ мы гъэм илъэс 80 зэрырикъум ехьэлIа зэхьыхьэхэр, фестивалхэр зэрырагъэкIуэкIынур, абыхэм спектакль нэхъыфIхэр зэрыщагъэлъэгъуэнур, артист, режиссёр пашэхэр зэрыщагъэлъэпIэнур. Республикэм исхэм фIыуэ ялъэгъуа цIыхубэ артистхэм я фэеплъ пшыхьым куэд зэрызыхуишэсар гуапэ зэрыщыхьуар министрым жиIащ икIи къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ ТIыхъужь Алийрэ Дыщэкl КIунэрэ я гъащIэмрэ я гущIэмрэ.

Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и тхыдэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ абы и лIабжьэр зыгъэтIылъахэм, и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIахэм ящыщу нобэр къыздэсым зи цIэр ящымыгъупща, УФ-м я цIыхубэ артистхэу ТIыхъужь Алийрэ Дыщэкl КIунэрэ. Утыкур, зи Iэщlагъэр фIыуэ зыльъагъуу щыта а артистхэм я цIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэмрэ гуаздэжмрэ я тхыдэм дыщэ хьэрфхэмкIэ тхауэ къыхэнащ. Аращ зыимыцIыху республикэм къигъэтэгъуейщ. Алийрэ КIунэрэ я гъащIэр хуэгъэпсауэ щытащ, театр гъуазджэм гу къабзэрэ псэ хьэлэмкIэ хуэлэжьным.

ФIэщщыгъуейщ ди лъэпкъым и набдзэу ятлъэтэ, Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр зыигъэбжьыфIа, гушыIэ жанрым къыхуигъэщIа артист цIэрыIуэ ТIыхъужь Алий и цIэр зэхэзымыяха щIагъуэ адыгэм яхэту. Москва Луначарскэм и цIэр зезыхьэ Театр институтыр къиухыну къигъэзэжа нэужь, ТIыхъужьым Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щылэжьэн щIидзащ. Ар къэзыщIыхуу, фIыуэ къэзыльагъуу щытахэр мащIэкъым. Зи гур кьабзэ, зэфIэкI инкIэ Тхьэр зыхуэупсса артист щэджащэр цIыхухэм я гум, я псэм дыхьат. ТIыхъужь Алий и цIыхугъэри, и макъри, и дуней тетыкIэри, и гушыIэкIри, и джагукIари - псори зэкIужт, телъыджэт. Илъэс 20-м щIигъуауэ Налшык къыщыдзэрагъэпэщ ТIыхъужь Алий и цIэр зезыхьэ театр фестивалыр. Республикэм и театрхэм я артистхэм къадэкIуэу, гъунэгъу щынагъэхэм къикIа хьэщIэхэри абы зэрыхэтыр и щыхьэтщ артист цIэрыIуэм и цIэр лъэпкъ драмэ гъуазджэм и тхыдэм къыгуэхыпIэ имыIэу зэрыхэпщам, абы и джэгукIэр, и утыку итыкIэр, къигъэщIа роль хьэлэмэтхэр гукъинэж зэращыхъуам.

ДыщэкI КIуни къэзымыцIыху республикэм къигъэтэгъуейт. 1935 гъэм илъэс 14 ныбжьым иту ар Псыхуэабэ ягъэкIуащ, библиотекэ лэжьыгъэм щыхуэрагъаджэ курсхэм. Еджакlуэхэм папщIэ абы къыщызэрагъэпэща драмкружокым жьыджэру хэтт КIунэ. Курсым кIуахэм ягъэува спектаклыр зылъагъуа Къалмыкъ Бетlал Дыщэкlым къыпхуеца ролыр зэрригъэзэщIар игу ирихьауэ жаIэж. Уеблэмэ, арэзымэ, Москва щыIэ ГИТИС-м игъэкIуэну кьыжриIат, ауэ ДыщэкIыр щеджар Налшык кьалэ дзт театр студиеращ.

1937 гъэм Къэбэрдей театрыр къызэIуахащ. Ягъу сценэм къихьахэм яхэтащ КIунэ. Корнейчук Александр и «Платон Кречет» пьесэм хэт Лидэ и ролыр игъэзэщIащ абы щыгъуэм. КIунэ Къэбэрдей театрым зэрыщылэжьа илъэс 65-м кьриубыдэу роль 250-м щIигъу игъэзэщIащ. Псом хуэмыдэу артисткэм фIыуэ ильагъуу щытащ анэм и ролыр. Абы нэхъ кьехъулIауэ кьалъытэ Гоголь и «Фызышэм» щигъэзэщIа Агафье Тихоновэ, Шолоховым и «ЦIыщIэ къэIэта» тхыгъэм кьыштащIыкIа спектаклым кьыхэщ Куприяновэ Дарье сымэ я ролхэр. Кьыжьыапхъэщ, комедие, трагедие ролхэм пылъхьэншэу пэлъэщ зэрыщытар. КIунэ киноми щыджжэгащ. КIыщокъуэ Алим зи сценарий итха «Бгы кьыгуэуа» фильмым адыгэ фызыжь Зэрылэ и ролыр апат зэратар.

Театрым къыдэкIуэу, жылагъуэ лэжьыгъэхэри игъэзэщIащ ДыщэкIым. Ар КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату тIэунейрэ хахащ.

ТIыхъужь Алийрэ ДыщэкI КIунэрэ щызэдэджэгуа спектаклхэм щыщ пычыгъуэхэр экранымкIэ кьагъэлъэгъуащ. Апхуэдэхэт Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «ЛъагъуныгъэмI и кьарур», Шолохов Михаил и «ЩIыщIэ къэIэта» спектаклхэр.

Ди республикэм и театрхэм я артисткэм утыку кьрахьащ спектаклхэм щыщ Iыхьэжр. Апхуэдэу Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс драмэ театрым Цагарели Авксентий и «Невеста из Имеретии», КъБР-м и Музыкэ театрым IутIыж Борис и «Шэмхьун и фIыщIэ», Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым «ПIатIыншэрэ СатIырэ», Кулиев Кьайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым Жантуев Иса и «Жених» спектаклхэм щыщ пычыгъуэхэр ягъэлъэгъуащ.

Зэхьыхэм я гуапэу зыкъыщагъэлъэгъуащ гъунэгъу щынагъэхэм кьикIа хьэщIэхэми. Апхуэдэхэщ Акъ Мухьэрбэч и архивым щыщ «Гъунэгъурэ гъунэшэджрэ» монологыр), Дагъыстэным и Урыс къэрал драмэ театрым (Жан Пьер Морье и «Покинутая») я артистхэр.

ГушыIэ дахэкIэ гъэнщIа пшыхь гухьэинэжыр ягъэдохащ уэрэджьыIакIуэхэу Сокъур Ольгэрэ Цокlыл Азэмэтрэ, пшынаУ Къуэдз Михаил сымэ. Пшыхьым и кIэухым абы хэтахэм зедыжьаIащ «ЛъагъуныгъэмI и кьарур» спектаклым щыщ «ЦIымыIатэмэ» гъагъунытэр» уэрэдыр.

Пшыхьым зыкъэрагъэхьэлIащ ТIыхъужь Алийрэ ДыщэкI КIунэрэ я бынхэмрэ абыхэм я быныжхэмрэ, щэнхабзэмрэ гъазджэмрэ я цIыхухэм, артистхэм я лжьыгъэхэм дихьэххэм.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Ныбжьыщlэхэр дэзыхьэх къыдэкlыгъуитI

«Нур» сабий журналым и зи чэзу (етIуанэ, ещанэ) къыдэкIыгъуэхэр дунейм къытехьащ.

КЪЫХЗГЪЭЩЫПХЪЭЩ, журналыр сабийхэм гурыхь ящыхъун папщIэ абы и тепльэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Сыт щыгъуи хуэдэу, мы щыкIагъуэхэми я жинтхэр егупъуу ягъэщIэрэщIащ. Ар зыльъагъуу цIыкIухэр, дауи, хьэпшып, псэущхьэ зэмылIэужьыгъуэхэм я сурэт щхьэхэIапльыкIэхэм дахьэхынущ, ахэр гъэщIэгъуэн ящыхъунущ.

ЕтIуанэ къыдэкIыгъуэр къызэIуех журналым и редактор нэхъыщхьэ Аброкъуэ Бэллэ я щIэджыкIакIуэ ныбжьыщIэхэм зэразыхъугъаязэ псалъэхэмкIэ. Тхэн щIэзыдзагъащIэхэм, сурэт щIыным дихьэхэм, еджэным кьыхэжаныкIэм зэпымыууэ гуПытэ зэрыхущIым кьытеувыIа нэужь, сабийхэр абы хегъэгъуазэ IэпщlэлъапщIэ, Iэпэлъэсэ цIыкIуэхэм ядэIэпыкъун я мураду, мы къыдэкIыгъуэр нэхъыбэу я Iэщlагъэхэм зэрытрагъэщIам. Абы ихуащ усакIуэхэу Къэшлыкlу Хьэсэн, Щоджан Леонид, Гъубжокъуэ Лиуан Iэпщlэлъапщlэ ныбжьыщIэхэм, Iэмэпсымэхэм ятеухуа я «ПхъэпсI», «Шэдыбжь», «Гъурдэ», «Хьэпшып мэхъейхэм я тыкуэн» уэсэ хьэлэмэтхэмрэ абыхэм дыщIагъуа сурэтхэмрэ.

Адэкlэ кьыкlэлъокIуэ Адыгэбзэм и мазухэм ирихьэлIэу Борыкъуей Жаннэ уэсу игъэпса «Адыгэбзэм и пшынальэ» тхыгъэ гъэщIэгъуэныр. Сабийхэр хьэрфхэмрэ абыхэм я теплъэхэмрэ зэрыхагъэгъуазэм кьиущынэмыщIауэ, а хьэрфхэмкIэ кьыщIидзэ псалъэхэм я сурэтхэри щыгуужащ. Щэч кьытетхьэркъым абы ныбжьыщIэхэр зэрыдахьэхынум. Апхуэдэхэщ унэр, Iэнэ лъакъуищыр, цейр, джатэр, нэгъуэщIхэри.

Журналым и лжьакIуэхэмрэ абы и щIэджыкIакIуэхэмрэ зэпыщIэныгъэ быдэ зэраIэм и щыхьэтщ еджакIуэ цIыкIуэхэм кьыхуагъэхьа тхыгъэхэм ящыщу кьытехуахэр. Апхуэдэхэщ гъуэгум, гъущIым епха псалъэжьхэр, нэщIэнэ, жьIагъуэ, псыншIэрыпсалъэхэр, кьуажэхьэр, нэгъуэщI тхыгъэхэр. Ныбжьыщlэхэм щIэщыгъуэ зэращыхъунум кьыдэкIуэу, Іущагъ кьызыхьахынщ Шэджэм ЕтIуанэ кьуажэм и курыт еджапIэ №92-м и 6-нэ классым щIэс Борсэ Елдар кьитха Нал Іунэр бэн Іунэ зыщIыж Тхьэр щыIэщ - хъьбагъуэ.

Къэрэшей-Шэрджэсым хьыхь Хьбзэз кьуажэм и курыт еджапIэм и 8-нэ классым щIэс Хьэмдэхъу Бэллэ «Нурым» кьигъэхьа «Адыгэ лIэпкъ Іэщlагъэхэр» тхыгъэм цIыкIуэр щыхегъэгъуазэ шыхъуэ, Іэщlыхъуэ, хадэгъэкI Іэщlагъэхэм икIи ныбжьыщIэхэм ярегъэщIэну пхъэху, макъымэ Іэмэпсымэхэр зыщI икIи ныбжьыщIэхэм я Іэщlагъэхэм ящыщ зыкIи Іэзэу еуэ и егъэджакIуэ Ашэбокъуэ Азэмэт. Тхыгъэм кьыхоц езыри шыкIэпшынэм хуабжьу зэрыдихьэхар.

КъыкlэлъыкIуэ напэкIуэщIым щхьэхуэу кьыщыхьащ арджэным теухуа гъэщIэгъуэн куэд. Ар щIыныр Іэзэу кьызэхьулIэхэм ящыщ Мэзло Руслан и тхыгъэмэ сурэтхэмкIэ цIыкIуэр хагъэгъуазэ арджэнэр зэрагъэхьэзыр щIыкIэм.

Фигу кьэдгъэкIыжынщи, нэхъапэIуэкIэ къыдэкIа журналхэм ящыщ щым Нур ЦIыкIураш Илъэсыщ1э псейм хигъэщIкIухьа псалъэр Асир, Къармэхъэблэ кьуажэм и курыт еджапIэм и 3-нэ классым щеджэхэу кьагъэхьыну. Усэ тхыным зи зэфIэкI ептlыжахэм ящыщщ Налшык кьалэм и курыт еджапIэ №29-м и 5-нэ классым щеджэ Махуэ Самирэт, Щэджэм кьалэм и курыт еджапIэ №1-м и 3-нэ классым щIэс Мамхэгъ Асир, Къармэхъэблэ кьуажэм и курыт еджапIэм и 3-нэ классым щеджэхэу Къэшэж Мариннэ, Шэру Айдэмыр, Къармэ Нарт, Бей Аслъэн сымэ. Журналым и лжьакIуэхэм сфIыщIэ хуащI напэкIуэщIым зи усэ ихуа сабийхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ икIи дяпэкIи ныбжьыщIэхэр кьадэлэжьэну кьыхуараджэ.

«Нурыр» зи Іэпэгъуэхэм кьапэщылъщ кьыкIэлъыкIуэ напэкIуэщIым ихуа мэл сурэтитIым зэмыщхьу хэлъу гу зылъатэхэр - кьэтхыну. Апхуэдэу цIыкIуэхэм кьапоплъэ кьагъэлъэгъуа бжьыгъэхэм я лъагъуэм ирикIуэрэ адыгэ фащэмрэ уанэмрэ хуэдэу ди лъэпкъыр цIэрыIуэ зыща къэпшылыр зищIысымрэ абы и фIагъымрэ кьахутэну. НыбжьыщIэхэр кьызраджэ упщIэхэм я жэуапхэр «Нурым» и редакцэм ягъэхьыну.

Сыт щыгъуи хуэдэу Бекъан Масирэт и лжьыгъэхэр щIэщыгъуэщ. Абы и псалъэзэблэдзым ит псалъэхэмрэ бжьыгъэхэмрэ я тегъэщIапIэу сабийхэм иджы кьащIэн хуейщ Іэмэпсымэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ зэреджэр. Апхуэдэуи Бекъаным щIыкIуэм захуегъазэ псалъэзэблэдзым имыкуа Іэмэпсымитым я сурэтхэр напэкIуэщIым кьыщыхьа ребусым кьыщалъхьэуэ я лжьыгъэхэр и электрон пощтым кьэхьыну.

Журналым и етIуанэ къыдэкIыгъуэр зэхуещIыж Хьэтlохъущкъуей дэт кадет еджапIэ-интернат №91-м и 5-нэ классым нэгъабэ щIэтIысхьа еджакIуэ 25-м зыIэрагъэхьа екъулIэныгъэхэм ятеухуа тхыгъэрэ абыхэм я сурэтхэмкIэ. Кадет ныбжьыщIэхэм апэ увыпIэхэр кьыщыхуагъэфэщащ Сочэ щекIуэкIа «Олимпийская зарница», «Эльбрусская зарница» урысейпсо зэхьэзэхуэхэм.

Ещанэ къыдэкIыгъуэр къызэIуех Аброкъуэ Бэллэ и «Гъатхэ пасэ» уэсэмкIэ. Абы къыпещэ Кэнжэ къуажэм и курыт еджапIэ №20-м и ещанэ классым щIэс Мэкъуауэ Бэллэ и «Си нанэ» уэсэмкIэ. Адэкlэ журналым ихуащ Нало Заур зэридзэкIа «Зэшыпхъуищ» тэтэр таурыхъыр.

Хабзэ зэрыхъуауэ, журналым кьыщыхьащ Борыкъуей Жаннэ уэсу игъэпса «Адыгэбзэм и пшынальэ» тхыгъэ гъэщIэгъуэныр. Шэч хэлъхьам абы сабийхэр зэрыдахьэхьынум. КъыкIэлъыкIуэу ныбжьыщIэхэм кьапэщылъщ мывэщIэхэр адыгэбзэкIэ зрагъащIэу абыхэм я сурэтхэр напэкIуэщIым кьыщагъэтIунэ.

«Нурыр» кьыщIэкIын зэрыщIидзэрэ мы гъэм илъэс 35-рэ ирокъу. Хамэ кьэралхэм щыпсэу адыгэхэмэ нэгъабэ лъандэрэ журналым Іэ традзэ. Германием и Дюссельдорф кьалэм щыIэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Темыркъан Заур и фIыгъэкIэ, журналым и напэкIуэщIэм щыдолъагъу Германиемрэ Швейцариемрэ щыпсэу ди лъэпкъэгъу ныбжьыщIэхэм ящыщу журналыр зи Іэпэгъу хуэда цIыкIуэм я сурэтхэр.

Адэкlэ ихуащ сурэтыщI Аккизовэ Имарэ теухуа тхыгъэ гъэщIэгъуэн. Гуащэ щыным и щэхуэм фIыуэ хэзыщIыкI Іэпщlэлъапщlэр ныбжьыщIэхэм ядогуащэ тхьэкIумэкIыхьым и тепльэр зэращIымкIэ.

КъыкIэлъыкIуэ напэкIуэцIхэм цIыкIуэм кьащIопплъэ лжьыгъэ щIэщыгъуэхэр. Апхуэдэщ цIыжьдадэ сурэту абы къыщыхьар кьабжьныр. ИтIанэ зэрыщIащ сурэтым щалъагъу уафэр, жыг кьудамэхэр, бзу кьуэлэн цIыкIуэр я плъыфэхэмкIэ яхэлъу. ЩIэщыгъуэщ журналым папщIэ Бекъан Масирэт игъэхьэзыра, ныбжьыщIэхэр зыгъэгупсысэ псалъэзэблэдзыр.

Журналым и ещанэ къыдэкIыгъуэр зэхуещIыж Налшык кьалэм и прогимназие №34-м и 3-нэ «А» классым щIэсхэм Пщащэгафэ махуэшхэм ирихьэлIэу зытраГъэха сурэтымкIэ.

БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.

Зы гъуащхьауэфI диIэжатэмэ...

● Футбол

«Тосно» (Ленинград область) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:0. Великий Новгород. «Электрон» стадион. Мэлыжьыхьым и 17. ЦIыху 1500-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Иванов (Дон Іус Ростов), Сейфетдинов (Къэзан), Бочков (Сочэ).

«**Тосно**»: Нигматуллин, Дугалич, Сухарев, Абаз3, Чиркин (Мухаметшин, 56), Богаев, Галиулин (Альшин, 74), Макаров (Палиенкэ, 45), Кашчелан, Кутьин, Заболотный.

«**Спартак-Налшык**»: Антипов, Соблир, Кузнецов, Дашаев, Марченкэ, Войнов (Ахриев, 58), Мухьэммэд (Мурачёв, 74), Каркаев (Семёнов, 65), Дроздов, Багъэтыр, Ахъдов (Бойчук, 87).

Дагъуэ къыхуащIащ: Дугалич, Ахъдовым, Ахриевым.

ПРЕМЬЕР-лигэм кIуэным зымащIэ дыдэ фIэкIа кьызыхуэмынэжа «Тосно»-м и футболистхэм мы зэIущIэр хуабжьу жыджэру кьыщIадзащ. Арщхьакlэ налшыкдзэхэр абы хэхъэзэыру кьыщIэкIащ икIи я гъэм и кьыщIэкIащ. Хэгъэрейхэм яебгъэрыкIуэныгъэхэр куэд хъуми, кьарыкI щыIэтэкъым. Уеблэмэ, джэгум и япэ Іыхьэ ныкъуэм икуэм ахэр ужьыхьжпащ. Ар кьагъэзэбэпри, ди щIалэхэр илэкIэ кIуэтащ икIи 24-нэ дакьикъэм Соблир Астемыр бжьгъэр кьызэIуихьыным зымащIэ дыдэщ иIэжар - топыр гъуащхьэм техуащ.

«Тосно»-м псынщIэу жэуап кьитыжащ. Макаровыр и кьару кьызэрихьIэ ди гъэм кьеуащ икIи Антиповым и Іэзэгъэр зэрыгъэгъэ кьигъэльэгъэн хуей хъуащ. Дакьикъэ зыбжанэ дэкIри, ди гъуащхьэтетым «Спартак-Налшыкыр» аргуэру кьригъэлащ Заболотнэм Іэзэу топыр кьиутIыпща иужькIэ.

Загъэпсэхуу кьызэрихьэжуи хэгъэрейхэр илэкIэ кIуэтащ - мы зэIущIэм щытекIуамэ «Тосно»-р премьерлигэм хьыхьауэ жыпIэ хъунут. Ахэр абы пэгъунэгъу дыдэ ищIат Багаевым. АрщхьакIэ ар зэуа топыр ди гъуэм и пкъом техуащ.

Налшыкдзсэхэри икIуэтынутэкъым. Джэгум кьыхьхьагъащIэАхриев Хьэсэн апхуэдизу лъэщу топыр иутIыпщащ. «Тосно»-м и гуащхьэтет Нигматуллиным ар ерагъкIэ угловойм игъэкIуауэ араш.

«Спартак-Налшыкым» ЗэкIэмкIэ зихъумэжырт. АрщхьакIэ нэрылъагъут гъуащхьэу Іэзэ зэрыхуищIэр. Ахъдовым и закъуэ и хьэрхуэрэгъу гъуащхьэхъумэхэм япэлъэщыртэкъым. Дауи, джэгур нэгъуэщIу екIуэкIынут ЛIуп Ислъам, Бажэ Амир е Гугуев Магомед абы дэщIыгъуамэ. Ди жагъуэ зэрыхэъущи, ахэр ягъуэта фэбжьхэм иджыри кьаутIыпщыркъым.

ЗэIущIэм и кIэухым хэгъэрейхэр нэхъ ерыщыжу илэкIэ кIуэтащ. Апхуэдэу щыт пэтми налшыкдзэхэм зы очко зыIэрагъэхьэфащ икIи ар хуабжьу кьаззрыхуэсэбэпынум шэч хэлъкъым. Абы щыгъуэми япэ дивизионым кьыхэнэныкIэ я хьэрхуэрэгъу псори («Балтика»-ри, «Сибирь»-ри, «Мордовия»-ри, «Сокол»-ри, «Волгарь»-ри, «Зенит-2»-ри, «Луч-Энергия»-ри), зэгурыIуам хуэдэу, ВэсэпшыкIэ кьыхагъэщIащ. АдэкIэ Іэзэхр зэлъытыжар езыхэращ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ япэ дивизионым иужьу щекIуэкIа зэIущIэхэм кьарикIуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: «**СКА-Хабаровск**» (Хабаровск) - «**Зенит**» (Санкт-Петербург) - **1:0**, «**Химки**» (Химки) - «**Балтика**» (Калининград) - **1:0**, «**Сибирь**» (Новосибирск) - «**Динамо**» (Мэзкуу) - **1:3**, «**Тамбов**» (Тамбов) - «**Волгарь**» (Астрахань) - **3:0**, «**Факел**» (Воронеж) - «**Шинник**» (Ярославль) - **1:0**, «**Спартак-2**» (Мэзкуу) - «**Луч-Энергия**» (Владивосток) - **3:0**, «**Сокол**» (Саратов) - «**Нефтехимик**» (Нижнекамск) -**1:2**, «**Кубань**» (Краснодар) - «**Тюмень**» (Тюмень) - **3:1**, «**Мордовия**» (Саранск) - «**Енисей**» (Красноярск) - **1:2**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгуГъэр Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым мэлыжьыхьым и 23-м щызэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» и стадионым кьыщригъэблэгъэнущ «Тамбов» командэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Динамо»	32	21	9	2	55-23	72
2. «Тосно»	32	18	10	4	53-23	64
3. «СКА-Хабаровск»	32	13	11	8	37-28	50
4. «Спартак-2»	32	13	10	9	48-35	49
5. «Факел»	32	13	10	9	34-30	49
6. «Енисей»	32	14	6	12	41-37	48
7. «Кубань»	32	11	13	8	36-31	46
8. «Шинник»	32	12	9	11	33-29	45
9. «Тюмень»	32	11	11	10	38-37	44
10. «Тамбов»	32	11	10	11	32-30	43
11. «Химки»	31	10	13	8	32-34	43
12. «Луч-Энергия»	32	9	11	12	23-34	38
13. «Спартак-Налшык»	32	7	15	10	23-28	36
14. «Зенит-2»	32	7	14	11	35-42	35
15. «Волгарь»	32	7	7	18	31-44	28
16. «Мордовия»	32	9	6	17	30-42	33
17. «Сибирь»	32	7	12	13	26-39	33
18. «Сокол»	31	6	15	10	31-42	33
19. «Балтика»	32	5	14	13	19-32	29
20. «Нефтехимик»	32	6	8	18	26-43	26

● Пшыхьхэр



● Бахъсэн щIыналъэ

Балъкъэр Фоусэт ящыгъупщэркъым

Дыгулыбгъуей къуажэм дэт библиотекэм «Сэ сынусакIуэщ, сэ сыцIыхуэбзщ» фIэщыгъэм щIэт пшыхь къыщыдзэрагъэпэщащ. КъБАССР-м и цIыхубэ усакIуэ, УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и саугъэтым и лауреат Балъкъэр Фоусэт зыкъэралъхурэ илъэс 85-рэ щрикъум ирихьэлIэу.

IУЭХУР я жэрдэмт библиотекэм и унафэщI Дым Людмилэрэ Бахъсэн кьалэм дэт курыт еджапIэ №98-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Албот Оксанэрэ.

Усакlуэ бзылъхугъэм и гъащIэр кьызэреклуэкIам, абы и творчествэ кьулейм нэхъ куууэ щыгъуазэ ящIащ кьызэхуэсахэр. ЕджакIуэ цIыкIуэхэ ТхьпIыкI Арианнэ, Бжьыкlыий Аданэ, Дым Лалинэ, Кьэдзокьуэжэ Алинэрэ Заирэрэ, Хъьжьрокъуэ Алёнэ сымэ «Си хэку», «Уафэр хьэдыкI», «ЩыщщыгъуэмдежI», «Насыпыр фхъумэ» уэсхэм, «Си адэ, укъызолъэхьуэ» поэмэм щыщ пычыгъуэм гъэхуауэ кьеджащ.

ЗэIущIэм и кIэухым Балъкъэр Фоусэт хуэдэ усакIуэшхуэхэр зыщыдгъэгъупщэ зэрымыкъунур, абы и творчествэ кьулейм щIэлIэр нэIуасэ хуэщIыпхъэу кьызэрилъытэр жиIащ Дым Ларисэ.

Библиотекэм и пIуныIэ пэшым кьыщыщэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм Фоусэт и сурэтхэр, тхыгъэхэуэхэр, зыцIыхуу щытахэм я гукъэкIыжхэр, нэгъуэщI гъэщIэгъуэн куэдри щыплъагъунут.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Дыгуахэм заумысыж

Хьэсэней щыпсэу цIыхухъуитIым иджыблагъэ зыхуагъэзащ Урысей МВД-м и Іуэхущlапlэу Налшык кьалэм щыIэм и пльыр частым. Абыхэм зэрыжаIамкIэ, псыпуфэм деж щыхьуакIуэ я жэмхэр ящыгъуащ, унагъуэхэм сом мин 80 мынэхъ мащIэ хэщIыныгъэ ягъэтауэ.

Управленэм кьэпльыхуэныгъэмкIэ и Іэнатlэм и лжьакIуэхэмрэ полицэм и участковэ уполномоченнэхэмрэ яубыдащ а щIэпхъаджагъэмкIэ шэч зыхуащIахэр. Ахэр нэхъапэм суд зытращIыхьауэ щыта, илъэс 27-рэ зи ныбжь налшыкдзсымрэ лей зытехьахэм я кьуажэгъу щIалитIрэщ.

Зыми еупщIакъым

ООО-хэм ящыщ зым ШынагъэнэшагъэмкIэ и Іэнатlэм кьэпщыгъэныгъэхэр щригъэкIуэкIым кьыщIигъэщащ обществэм и мылъкум щыщ Опель-Астрэ автомашинэр, сом 1012560-рэ и уасэр, хабзэм кьемызэгъэныгъ ящауэ.

Налшык кьалэ щыIэ УМВД-м уголовнэ кьэльхьэуэныгъэмкIэ и Іэнатlэм и лжьакIуэхэм Іуэхур зэхагъэкIащ. ЩIэпхъаджагъэр зезыхьар Шэджэм ЕтIуанэ кьуажэм щыпсэу, ООО-м и лжьакIуэу кьыщIэкIащ икIи илэжьамкIэ абы зиумысыжащ.

Уголовнэ Іуэху кьаIэтащ.

КъБР-м Къэрал кIуэцI Іуэхуэхэмкlэ щыIэ министерствэм и пресс-Іуэхущlапlэ.

Гарнизоным и дзэ прокуратурэ №316-м гу лъыIуэгъатэ:

Гарнизоным и дзэ прокуратурэ №316-м и деж кьыщыщэрагъэпэщащ цIыхуэр дзэм гъэкIуэным пыщIауэ зыкъыхуэзыгъазэхэм правовой дэIэпыкъуныгъэ езыт икIи абыхэм я тхьэусыхафэхэм хэплъэ чэнджэщэгъу-правовой центр.

Ди хэщIапIэр: КъБР, Налшык къалэ, Пятигорскэ уэрам, унэ №11.

Махуэ кьэс, зыгъэпсэхугъуэхэмрэ махуэшхуэхэмрэ хэту, сыхьэти 9-18-хэм кьриубыдэу цIыхуэм яхуоз дзэ прокуратурэм и офицерхэр.

ФIыщIэупщIэ хъунущ 77-05-73 телефонымкIэ.

Гарнизоным и дзэ прокуратурэ 316-нэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жьэкlемыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщlэныдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ игъэтхащ (учредителэхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущlапlэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкIэм.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хутныныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущlапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, редактору **ЖылаСэ Заурбэч**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дзэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *Компьютерклэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариннэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.711 ● Заказ №469